ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№100 (23.758) ● 2018 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и Президент Путин Владимир Пятигорск къэкІуащ икІи Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2018» щІэныгъэ зэхыхьэм и лэжьыгъэм хэтащ

Ар еплъащ лъэпкъ фащэм и гъэлъэгъуэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа волонтёрхэм къыІэрагъэпэщам.

ЛЪЭПКЪ фащэр зэтегъэувэжыным, ар егъэфІэкІуэным елэжь творческэ ІэнатІэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэр къэралым и унафэщІым хуиІуэтащ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэзыуха, дизайнер ныбжьыщІэхэм я ебланэ щІыналъэ зэхуаку конкурсым щытекІуэ Къущхьэ Радимэ.

Гъэпэгъуэныгъэр къызэрыщІхъуам и гугъу щищІым, Путин Владимир къыхигъэщхьэхуІащ: «Мыбы мыхьэнэшхуэ зэриІэм къыщымынэу, апхуэдэу икІи хуабжьу дахэщ».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іэухуащ Іанэ.

Псори дызыщІэхъуэпс ди къэкІуэнур къызэдгъэпэщын щхьэкІэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм зегъэужьыным теухуауэ щытащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іэухуэхэмкіэ и министр Чеботарёв Сергей щІалэгъуалэм ядригъэкІуэкІа зэІущІэр.

ФЕДЕРАЛЬНЭ ведомствэм и Іэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыуэрэ куэд щІакъым икІи Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм гъэкъэс ирагъэкІуэкІ зэхыхьэм иджы япэу ирихьэлІауэ аращ. Абы къыхэкІыу зэІущІэм и пэщІэдзэм абы псоми закъригъэІыхуащ, министерствэм къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм тепсэлъыхьащ, Кавказ Ищхъэрэм зэрызиужь щыкІэм и гугъу ищІащ.

Чеботарёв Сергей жиІащ къыздэсрыгукІ унагъуэм къызэрыщыхъуар, ауэ ерыщагъ зэрыхэлъым, мурад инэри зэрызыхуигъэувыжым я фІыгъэкІэ ехъулІэныгъэ пыухыкІахэр къызэрихьар. Псом япэу абы Суворовскэ еджапІэр къыухащ, иужькІэ дзэм хьыхэри гъунапкъэхъумэ хъуащ, адэкІэ и щІэныгъэм хигъахъуэ зэпыту екІуэкІащ. И зэхэщыкІым зригъэужьыныкмкІэ абы хуабжьу къыдэІэпыкъуащ УФ-м и Президентым и Администрацэм зэман кІыхькІэ зэрыщылэжьар.

Иджыпсту зыпэрыт Іэнатіэм и гугъу щищІым абы къыхигъэщхьэхукІащ адрей ведомствэхэм хуэмыдэу, Кавказ Ищхъэрэм и Іэухуэхэмкіэ министерствэм и лэжьыгъэр щІыналъэм ехауэ зэрыщытыр. Ар къызыхэкІыр Кавказ Ищхъэрэм мыхьэнэ хэха зэриІэрщ икІи абы зэфІэкІ инхэр зэрыщыІэрщ.

Ди щІыналъэм зегъэужьныкмкІэ нэхъыбэкІэ узыщыгугъ хъуну унэтІыныгъэхэм ящыщу Чеботарёв Сергей къыхигъэщхьэхукІащ туризмэр, мэкъумэш хозяйствэр, энергетикэр, логистикэр. Министрым къызэрилъытэмкІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэри экономикэм зегъэужьыныкмкІэ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныкмкІэ лъабжьэу увыфІынущ.

Иужькіэ министерствэм и унафэщІым жэуап иритащ зэІущІэм кърихьэлІахэм я упщІэхэм.

Апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2018» IX зэхыхьэм «Урысейр зэфІэкІ псори здэщыІэ хэкущ» сессие къыщызрагъэпэщащ. ЩІалэгъуалэм я Іэухуэхэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Бугаев Александрэ «Урысейр зэфІэкІ псори здэщыІэ хэкущ» сатум пымыща зэгухьэныгъэ пыгъэщхьэхукІам и Іэтащхьэ Комиссаров Алексейрэ.

Псалъэмакъым и пэщІэдзэм Бугаев Александр бжьыгъэ пыухыкІахэр къыхащ. 2018 гъэм екІуэкІыну конкурсхэм щатыну грантхэм трагъэкІуэдан папщІэ som меларди 2,5-м нэблагъэ хухахащ. Абы щыщу som мелуан 83-рэ трагъэкІуэдэнущ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щагъэхьэзыра жылагъуэ проектхэм. Абы къегъэлъагъуэ ди округым и щІалэгъуалэм къаралым гулъытэ хэха къызэрыхуищІыр. Ауэ, мыдрейуэ кьапщтэмэ, ар ехьэжьауэ ахъшэшхуэхъым икІи щІалэгъуалэм я жьыджэрагъым елъытауэ нэрылъагъуу нэхъыбэ пщІы хъунущ.

ЗэІущІэм хэтахэр нэхъ тезгъэныныкъуэу тепсэлъыхьащ щІалэгъуалэм ятеухуа федеральнэ закон ягъэхьэзырын зэрыхуейм. Бугаев Александр къыхигъэщхьэхукІащ апхуэдэ законхэр Урысей Федерацэм и субъектхэм я процент 70-м къызэрыщащтар. Апхуэдэу щыт пэтми, министерствэм кьелъытэ къэрал псом тещІыхьа законопроект зэхэлъхьэн хуейуэ.

«Псори дызыщІэхъуэпс ди къэкІуэнур къызэдгъэпэщын папщІэ иджыпсту щыщІэдзауэ дегугъуу дылэжьэн хуейщ», - апхуэдэу сессием и кІэухым жиІащ Комиссаров Алексей.

Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2018» зэхыхьэм и пресс-центр.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 16, *махуэку*

♦Астронавтикэм и дунейпсо академиер къыщыІэрагъэпэща махуэщ. ЩІешцием и къалащхьэ Стокгольм 1960 гъэм шыщхьэІум и 16-м щызэхэтащ XI дунейпсо Астронавтикэ конгресс. Абы унафэ къыщащтауэ щытащ а Іуэхущ-ІапІэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦Фошыгу хэлъу гъэва мамкъутым и махуэщ ♦1896 гъэм Клондайк (Канадэ) щІыпІэм дыщэ куэду зэрыщІэлъыр кьахутащ. Ар къыщІахыу кьулей ирихьун мурадыр яІэу цІыху минищэ зэрехьэжьауэ щытауэ къыхощыж тхыдэм. А щІыпІэм нэсу дыщэ къэзыгъэтар минилл хуэдиз къудейщ. Адрейхэм къагъэзэжащ е гъэзгум щыпІащ.

♦ Іушыгу хэлъу гъэва мамкъутым и махуэщ ♦1896 гъэм Клондайк (Канадэ) щІыпІэм дыщэ куэду зэрыщІэлъыр кьахутащ. Ар къыщІахыу кьулей ирихьун мурадыр яІэу цІыху минищэ зэрехьэжьауэ щытауэ къыхощыж тхыдэм. А щІыпІэм нэсу дыщэ къэзыгъэтар минилл хуэдиз къудейщ. Адрейхэм къагъэзэжащ е гъэзгум щыпІащ.

♦1934 гъэм Москва къыщыІэзІуахащ СССР-м и Тхакіуэхэм я япэ съездыр.

♦1939 гъэм «Кабардинка» ансамблым концертхэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм тын щыщІидзащ.

♦1941 гъэм СССР-м ІэщэкІэ Зэщіэуэзда и Къарухэм я командование нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ къыдигъэкІащ советыдзэм кьулыкъу щызыщІэхэм бийм езыхэми гъэру зратыну, я Іэщэри Іэрагъэхьэну Іэмал зэримыІэм теухуа унафэр.

♦1956 гъэм СССР-м унафэ къыщыдэкІащ щІыщІэхэр вэным, абыхэм псы зэрыщІагъэльадэ кІэнауэхэр щыкъуэдииным теухуа унафэр.

♦1960 гъэм Кипрыр къэралыгъуэ щхьэхуэ - Кипр Республикэ - зэрыхъуар хэІущІыІу ищІащ.

♦1960 гъэм Налшык къыщыІэзІуахащ изобразительнэ гъуэзджэмкІэ музей. Абы республикэм щыщІэрыІуэу щыта сурэтыщІ, егъэджакІуэ Ткаченкэ А. Л. и цІэр зэрехьэ иджыпсту.

♦1965 гъэм Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъэр хъумэныкмкІэ и зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.

♦1976 гъэм къару игъуэтащ псантхуэм егуэуэнкІэ хъуну веществохэр къызэрагъэсэбэп щыкІэм кІэлъыплъыным хуэгъэза Конвенцэм.

♦Адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэрашэ Тембот** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджэІакІуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цІыхубэ артист **Тхьэбысым Умар** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Ришар Пьер** (и цІэ дыдэр - **Пьер Ришар Морис Шарль Леопольд Дефей** жиІэуэ) и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦1934 гъэм Москва къыщыІэзІуахащ СССР-м и Тхакіуэхэм я япэ съездыр.

♦1939 гъэм «Кабардинка» ансамблым концертхэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм тын щыщІидзащ.

♦1941 гъэм СССР-м ІэщэкІэ Зэщіэуэзда и Къарухэм я командование нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ къыдигъэкІащ советыдзэм кьулыкъу щызыщІэхэм бийм езыхэми гъэру зратыну, я Іэщэри Іэрагъэхьэну Іэмал зэримыІэм теухуа унафэр.

♦1956 гъэм СССР-м унафэ къыщыдэкІащ щІыщІэхэр вэным, абыхэм псы зэрыщІагъэльадэ кІэнауэхэр щыкъуэдииным теухуа унафэр.

♦1960 гъэм Кипрыр къэралыгъуэ щхьэхуэ - Кипр Республикэ - зэрыхъуар хэІущІыІу ищІащ.

♦1960 гъэм Налшык къыщыІэзІуахащ изобразительнэ гъуэзджэмкІэ музей. Абы республикэм щыщІэрыІуэу щыта сурэтыщІ, егъэджакІуэ Ткаченкэ А. Л. и цІэр зэрехьэ иджыпсту.

♦1965 гъэм Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъэр хъумэныкмкІэ и зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.

♦1976 гъэм къару игъуэтащ псантхуэм егуэуэнкІэ хъуну веществохэр къызэрагъэсэбэп щыкІэм кІэлъыплъыным хуэгъэза Конвенцэм.

♦Адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэрашэ Тембот** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджэІакІуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цІыхубэ артист **Тхьэбысым Умар** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Ришар Пьер** (и цІэ дыдэр - **Пьер Ришар Морис Шарль Леопольд Дефей** жиІэуэ) и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпион тІэунейрэ хъуа **Цыганков Геннадий** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Дуней псом и кинорежиссёр нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ, зи лэжьыгъэхэм папщІэ саугъэт куэд дыдэ зыхуагъэфэща **Кэмерон Джеймс** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ уэрэджыІакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ **Мадоннэ Чикконе** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 17, *мэрем*

♦Латвием и къалащхьэ Ригэ и махуэщ

♦Индонезие Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1771 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэм и указкІэ Къэбэрдей цІыхубэм Щытхъу тхылъ къаритащ.

♦1812 гъэм пащтыхь Александр Езанэм урысыдзэм и командующэ нэхъыщхьэу игъэуващ Кутузов Михаил.

♦1903 гъэм Пулитцер Джозеф игъэуващ и щІэр зезыхьэ саугъэт, литературэм, журналистикэм, музыкэм, театрым екъулІэныгъэшхуэхэр кьащІызыхьхэм иратыну. Иджыпсту ар саугъэт нэхъ лъапІэхэм щыхабжэ США-м.

♦1928 гъэм Москва «Динамо» стадионыр къыщыІэзІуахащ.

♦1934 гъэм СССР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ съездыр зэхэтащ.

♦1961 гъэм СССР-м къыщыІэзрагъэпэщащ граждан зыхъумэжьныгъэмкІэ Іэнатіэр.

♦1977 гъэм «Арктика» совет мылкъутэ кхъухьыр, зы къэралми апхуэдэ хуэзфІэмыкІауэ, ЩІым и Ищхъэрэ полюсым япэу нэсащ.

♦1988 гъэм Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Дунейпсо гроссмейстер, дунейм шахматымкІэ и чемпион **Ботвинник Михаил** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэ, Мысырым щыщ адыгэлІ, мамырыгъэр хъумэныкмкІэ Дунейпсо Ленин саугъэтым и лауреат **Хъалид (Жэмбей) Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэркъуэхуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, егъэджакІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Табаков Олег** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, сценарист, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Губенко Николай** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакіуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Магомаев Муслим** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Роберт де Ниро** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Абдокъуэ Станислав** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэш Мырзэбэч** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Е зыхэлъыр хьэгъуэлІыгъуэм мэятэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Къалэн куэд зыгъэзащІэ и центрым хьэрычэт Іэнатіэ мышымрэ курытымрэ пэрытхэм яхущІэ Іуэхутхьэбзэхэм 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм хуэдитІым щІигъукІэ хигъахъуащ

Абы и фІыгъэкІэ ди республикэм и центрым къаралым ещанэ увыпІэр щиубыдащ. Къалэн куэд зыгъэзащІэ центрым и дэтхэнэ къудамэми бизнесым и лІыкІуэхэм Іуэхутхьэбзэ куэд щагъуэт. Апхуэдэу гъэкІуам и кІэухым къызэІуахауэ мэлажьэ бизнесым дэІэпыкъу офис хэха.

ЦЕНТРЫМ Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэу 360-м щІигъу зэфІегъэкІ. Зы илъэсым абы Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм ятеухуауэ зыкъыхуагъаазэ щІыху мин 600-м щІигъуи. Іуэхутхьэбзэ псори пщІэнэщІ, къэрал пошлинэ зытехуэхэм нэмыщІ. КъБР-м и центрым республикэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылажьэу къудамэ 12 иІэщ.

КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным трагъэкІуэдэн папщІэ республикэм сом мелуан 23-м щІигъу къыхуаутІыпщынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 23-рэ мин 476-кІэ къыдэІэпыкъунущ. Ар къыщыгъэлъэгъуащ «Гъэсныпхъэмрэ дагъэмрэ къащхьун папщІэ мэкъумэш продукцэ къэзыІэжьхьэм бюджет ахъшэ яхуэхъуным и Іуэхукіэ» УФ-м и Правительствэм и унафэм.

АХЪШЭР къаутІыпщ 2013 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьныныр мэкъумэш продукцэм, сырьём, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблигъэкІыныкІэ къэрал программэм хиубыдэу.

Ислъэмейдэс ныбжьыщІэхэм папщІэ

Бахъсэн щІыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм дэс щІалэгъуалэм я жэрдэмкІэ жылэм и ипщэ Іыхьэм ухуэн щыщІадзащ спорт утыкушхуэ.



ІУЭХУМ жыджэру хэтщ ислъэмейдэс куэд. Абыхэм мылъкукІэ хуабжьу закъыщигъэкъуащ спорт утыкур ухуэнымрэ ар зыхуэй псомкІи къызэгъэпыщынымрэ сом мин 900 хуэзэныхэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм хэт Быф Анатолэ.

Депутатым пщэрыльэ щищІри ухуэныгъэр зэрекІуэкІым елпыну къуажэм ІуащІ и дэІэпыкъуэгъу Къасхъуэ Аслъэн. Абы къыхигъэщащ спорт утыкур цІыху куэд зэкІуэлІэн щІыпІэ хъуну и фІэщ зэрихьэр икІи я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэну, Іэпкъльэпкъыр щапсыхыну щІалэгъуалэм Іэмал ГъэзэджэхэР дяпэкІэ зэраІэнур.

Ислъэмей къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъы Аслъэн жьлэм къыбгъэдэкІыу Быф Анатолэ фІыщІэ ин хуищІащ къытІщІэхъуэ щІэблэм я зыужьныныгъэм папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ спорт утыкур ухуэнымкІэ щІэгъэкъуэн къаэзыхуэхъуам къыхэкІыу.

ТЕМЫР Дисанэ.

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2018 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыкІэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Іэ тедзэгъуэр ихащ, ауэ дызыхэкІуэ фокІадэ мазэм къыщыщІэдзауэ «Адыгэ псалъэм» кьытехуэ тхыгъэхэм фыкъеджэну фыхуейімэ, апхуэдэ Іэмал фиІэщ. Мы мазэм и 20 пщІондэ пощтхэм Іэ щытевдзэмэ, ди газетыр ныфхуахьынущ фокІадэм къыщыщІэдзауэ.

МазиплІм газетым и уасэр сом 376-рэ кІэнпІей-кІэ 32-рэщ.

Ди индексыр 51531

2018 гъэм шыщхьэуІум и 21-р щымылажьэ гуфІэгъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Я фІэщхъунигъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужьнымкІэ яІэ хуитныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхукіэ» 1997 гъэм фокІадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ Іапім зыкъыхэзрытхуигъэзам ипкъ иткІэ Къурмэн хьидым ирихьэлІэу **унафэ сощІ**:

2018 гъэм шыщхьэуІум и 21-р щымылажьэ гуфІэгъуэ махуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм шыщхьэуІум и 15-м
№125-УГ

Лэжьыгъэ Іуэхуэр зэІуахуэ убзыхунымрэ лэжьапщІэмкІэ щІыхуэхэр пшынжьынымкІэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м №150-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Лэжьыгъэ Іуэхуэр зэІуахуэ убзыхунымрэ лэжьапщІэмкІэ щІыхуэхэр пшынжьынымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 16-м къыдигъэкІа унафэ №22-ПП-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іам и япэ къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщІ)*

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр *(Комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ)*

Мовсисян Г. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ)*

Ахубеков Ш. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министр

Бещтокъуэ Ж.-А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

Ульбашевэ Е. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэр - комитетым экономикэмкІэ, инвестицэ программэ хэхахэмкІэ, къэралыр зыхуэныкъуэхэр къэщхьэхунымкІэ и къудамэм и унафэщІыр;

б) **Гъащтэ А. А.** - и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущ Іанім и управленэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(эгъуэгурыІуэу)*»;

в) **Къуныжь В. Хь.** - и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр»;

г) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Ахъуэхъу Т. Б., Гуэбэшы З.-Дж. А., Къудей А. М., Лыхъ З. А., Тюбеев А. И. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий

Хэхъуэм техуэ налогыу къыхэкІыр 2017 гъэм нэхъыбэ зыщІа щІыналъэ 63-м Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэтщ

Абы папщІэ Урысейм и Правительствэм и гъэтІылъыгъэ фондым къыхэкІыу республикэм сом мелуани 9-м щІигъу къыхуаутІыпщынущ. Къэралым и Правительствэм ахъшэр ятригуэшащ налогхэр зэпІэзэрыту къыхэзыхь щІыналъэхэм.

АХЪШЭР къаутІыпщ «Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэмрэ щІыпІэ бюджетхэмрэ я финансхэр зэфІэкІхэр зэхуэзэхъуныр» программэ къуэдзэм икІи иткІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Хэгъэгу джэгушхуэ-2018

Щ1ынал1ъэхэр з1эпызыщ1э щ1энхабзэ з1эхыхьэ

Нарт Хэку Щ1ал1эгъуал1э Хасэм нэгъабэ Налшык къал1эм Абхъ1ъазым и утым ял1у щ1ыубл1а хэгъэгу джэгушхуэм нэгъуэщ1 щ1ынал1ъэхэмк1э щ1ал1эгъэ1ут гуап1эщ. Адыгейм и къал1ащхьэ Мейкъуап1э щ1ыщхьэу1ум и 7-м щек1у1эк1а а щ1энхабзэ з1эхыхьэм хэтахэм гукъ1инэж ящ1ихьащ дуней псом щ1ызэбгрыдза адыгэхэр нэхъри з1экъуз1ыгъуэв, я з1эпыщ1эныгъэхэр зыгъэбыдэ пшыхь щ1эщ1ыгъуэр. Ар къ1ыз1эрагъэп1ащ Адыгэ Республикэм и щ1ал1эгъуал1э жыджэрхэм «Адыгэ Хасэ - Щ1эрджэс парламент» жыл1агъуэ з1эгухьэныгъэр и дэ1эпык1ъуэгъуу.

ЛЪЭПКЪ з1экъутынигъэм и дамыгъэ адыгэ нып1эр з1ыбгъ бы-сымкэр хабзэм тету гуфI1эгъуэр я нэгум кърихрэ гуап1эу К1ъэбэрдей-Балъкъэрым и Л1ык1ыхэм к1ыт-пежьэри, хьэщ1агъэ к1ыдахы1у, пщ1эрэ гулъытэрэ к1ытхуащ1у драгъэблагъащ. К1ал1э паркым къ-щ1ыпурт къафэр зи псэм хэлъ щ1ал-эгъуал1эм зыхал1хьэ щ1ымы1э л1ъэпкъ макъамэ гурыхьыр.

Джэгум и пэ къихуэу хьэщ1эхэм Адыгэ Л1ъэпкъ муэймрэ щ1ынал-1ъэм и щ1ып1э Адыгэ макъамэ эщ1ра-гъэп1ых1ащ, щ1энхабзэм, адыгэ-хэм я псэук1ам теуихуэ тхыдэ на-п1эк1уэщ1хэм хагъэгъуаззу. К1ыкI1э-л1ыык1уэу, Адыгэ Л1ъэпкъ театрым и артистхэм театр теплъэгъуэхэр къагъэл1эгъуащ, республикэм и уэрэдж1ык1ыэ, къэфак1уэ гупхэми къ1рихьэл1эхэм я нэгу зрагъэу-жьащ.

Мейкъуап1эдэсхэм къадэк1ыу К1ъэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Ставро-поль, Краснодар крайхэм, Псы-хуабэ, Дон Іус Ростов, Армавир, Москва, Санкт-Петербург, Мэздэгу к1ал1эхэм, Тыркум, Америкэм и Штат Зэгъэтхэм, Германием, Си-рием, Израильм, нэгъуэщ1 щ1ы-п1эхэм к1ыик1ахэр зэхуэзышэса хэ-гъэгу джэгушхуэм л1ъэпкъ фащэ ек1ур ещ1ызыщ1ипсу къек1уэл1ахэм уахэп1ъэн къудейри гур хэзыгъа-хьуэт. Щ1ал1эгъуал1э я фэил1ъхьэ-гъуэк1э зэрызэп1ащ1ым къыдэк1уэу, нэжагъагъ1ымрэ гукъыдэжымрэ з1эщ1ык1ыгъэхэт. Уз1эбэк1ыжрэ тхы-дэ напэк1уэц1хэм урип1эжкмэ, мып1хуэдэ джэгу Мейкъуап1э щы-зэхэтауэ къал1ытэр блэк1а л1э-щ1ыгъуэм и 20 гъэхрщ. Ар къы-зэрагъэп1ащу щытащ адыгэхэм мыхьэнэщхуэ з1и1э я жылагъуэ-политик1э 1уэхуэм ирихьэл1эу.

Джэгум и хабзэм тету, щ1ал1эхэр зы л1эныкъуэк1э, п1ащ1ащэри абы я1уэзанщ1эу з1эхащ1э п1ыхьыр. Жэуап1ныигъэ ин зыпыл1ъ хьэти-як1уэ к1ал1эныр зыгъэзэщ1а Елдар Анзор ф1ыщ1э я1уищ1ащ дуней псом щ1ыпсэу з1эл1эпк1эгъуэр з1э-зышэ1а джэгужьыр к1ыхьэзыл1ъ-хьахэмрэ зыкъ1резыгъэхьэл1а-хэмрэ. Адыгэ п1ынал1ъэм, п1ыы-нэбзэм, п1ышнэпсэм хуэззша щ1а-л1эгъуал1эр джэгуак1уэмрэ абы и д1эп1ык1ъуэгъу-щ1ауэдэщхэу Тхьэ-к1умашэ Налбэчэрэ Ерыгу І1эдэмрэ, п1ащ1эдэщхэу Къуэблэ Тамарэ, Благъэз Дианэ, Еутых Б1ал1э сымэ п1 щ1ыхьэщ1хьэр хэк1ут1эху гукъынэ-жу я1гъэдж1агъащ, псом хэумыдэжу хьэщ1эхэм гулъытэ лей хуащ1у. Къэбэрдей к1ьафэк1э ирагъажьэ-ри, къафэ к1уаншэ, джэгу-к1ьафэ, л1ьапэрыфэ, хьэк1улаш, з1эхуэк1уэ, убых, абазэ, нэгъуэщ1 к1ьафэ л1эужьыгъуэхэм щ1а1э з1эфI1эк1хэр з1пеуэ щ1ык1эу къагъэл1эгъуащ, к1уэ п1этми к1ьафэ л1эужьыгъуэ-хэм щхьэж щ1а1э І1эзагъэр нэхъри къы1эхьэхрэ з1эрытемыгъак1уэу.

«П1ышнал1ъэр бгъунт1эмэ, л1ъэп-къыр мэук1ытэ», - жи1эрэт з1эгуэр адыгэ усак1уэшхуэ Пащ1э Бэчмыр-з1э. Абы и л1ынык1уэк1э п1ышхьыр зыгъ1эдэха Адыгэ макъамэ І1эмэ-псымэхэм я оркестрым хэтхэр зыхуэбгъадэ хьун щымы1эу І1эзэ защ1ахэт, п1ышнэм, шык1эп1ышнэм, к1ымалым, нэгъуэщ1 І1эмэпсымэ-хэм к1ырагъэк1 макъамэхэм ядэ-1уэ п1этми зыщ1ымыгъэнщ1у. Щ1эбл-лэм л1ъэпкъ к1ьафэмрэ п1ышна-л1ъэмрэ гук1и псэк1и з1эрызыхь-щ1эм, адыгэ щ1энхабзэм ахэр ф1ыуэ з1эрыщ1ыгъуэзэм и щ1ыхьэтт з1эхьыхьэшхуэр. Аращи, апхуэдэу л1ъэпкъ макъамэр зыгъэбз1эрабзэ щ1ал1эхэр ди1эху, ди п1ышнэр щ1эб-гъ1ин1эбзи л1ъэпкъыр дыщ1эуэк1ы-тэн щхьэусыгъуэ ди1энчкъым.

Щ1эдзап1э зи1эм, к1эухи и1эщ. Сыхьэтищым щ1ин1ук1э ек1уэк1а джэгушхуэм хэта щ1ал1эгъуал1эм къафэк1э загъэнщ1у зат1ыжьи дэ-нэ къэна, абыхэм з1эдзэгушы1эным, ныбжьэгъу зэрыгъэхъуным гъ1нэ ираль1а къудейуэ п1ышхьыр щ1ызэ-хуащ1ыжьыну п1ал1ъэр щхьэлэгъашэ. Хабзэм тету, нэхъыжьхэр зыхэт къэп1 щ1ытак1уэхэм нэхъ дахэу къэ-фауэ къал1ытэ щ1ал1эмрэ хьы-джабзымрэ кхъухакащ. «Адыгэ Хасэ - Щ1эрджэс парламент» жыла-гъуэ з1эгухьэныгъэм хэтхэм джэгум к1ыыхэжаныкъа щ1ал1эхэмрэ хьы-джабзхэмрэ я щ1э к1ьраг1эри, ахэр утыку к1ьрашащ ик1и яг1эф1ащ, са-гъ1этхэр хуагъэфащэри. Адыгэ Республикэм и І1этащхьэм и сау-гъ1этхэр л1ьагъэсащ Нью-Йорк щ1ып-сэу, джэгум зыхьэрезыгъэхьэл1а ди л1ъэпкъэгъу щ1ал1э К1ыдык1уей Батырр» (бащ1ып1ык1) Мейкъуап1э щ1ыщ К1ык1э Адыиф1рэ (чыс-э щ1ык1у).

Хабзэм тету, п1ышхьыр уджк1э з3хуащ1ыжащ. Ар егъэжьэн п1ыр-ры1ыр к1ал1эн щ1ащ1ащ ди рес-публикэм ик1ахэм я1щ1ыщ къафэм нэхъ хуэл1эзэу джэгум к1ьщ1ал1ы-тэу дэ башыр (дэ ныпыр) тыгъэ къ1ызыхуащ1а Щ1омахуэ Аскэррэ Батыр Раситэрэ.

Нэхъыжьхэм къ1ыхагъэщ1ащ дэ-гур гъэ къэси щ1ынал1ъэхэм щ1ызэ-хашэну зэрамурадыр, адыгэхэр нэхъыбэрэ дызэхуэсмэ, дызэкъуэтм-мэ, ди къарури з3фI1эк1ри нэхъ ин, нэхъ л1ъщ1 зэрыхъунур къал1ытэу. Джэгу щ1ащ1ыгъуэм ирагъэбл1эгъа-хэм бысымхэм ф1ыщ1э хуащ1ащ, п1ышхьыр Іыхьэлейуэ гуап1э зэра-щ1ыхьар, хьэщ1э л1ьап1эм хуащ1 гулъытэмрэ пщ1эмрэ зэрырагъэ-л1ьагъуар к1ыхьагъэщ.

- Адыгэ щ1ал1эгъуал1э джэгум нэхъри дызэрызэкъуигъэувар хуаб-жьу гуап1э сщ1ыхьащ. З3л1эпкъэ-гъуэр нэхъыбзу щ1ыпсэу Налшык, Черкесск, Мейкъуап1э къал1эхэм гъэ къэси мып1хуэдэ джэгушхуэр щы-зэхашэныр ди хъуэпсап1эщ. Ар дуней псом щ1ыпсэу з3л1эпкъэгъуэр-хэр дызэкъуэтыныимк1э мыхьэнэ з1и1э І1эху дахэщ, - жеІэ Мейкъуап1э къал1эм и щ1ып1э адміністрацэм и пресс-І1эхущ1ап1эм и л1эжьак1уэ, «Вконтакте» Интернет сайтым и «Типичная Адыгея» гупым и кы-зэгъэп3щ1ак1уэ жьджэрхэм я щ1ыщ, Мейкъуап1э и Адыгэ Хасэм и щ1ал-эгъуал1э клубым хэт К1ымп1ыл ТІэхьир. - Хьыджэбзхэм, къафэм къыдэк1уэу, л1ъэпкъ фащэхэр гъэ-хьэзырыным ехьэл1а пасэрей І1эщ1ап1эм щ1а1э з3фI1эк1хэр, я І1эп1эсагъэр я1гъэл1ъэгъ1эныкмк1э джэгур І1эмалыфIщ. З3хьихьэм л1ъэпкъ з3мыл1эужьыгъуэхэм кы-хэк1ах3ми з3рызыкъраг1эзэп1эр къэп1ып1ытэмэ, ар сыт хуэдэ щ1ы-нал1ъэм щ1ыщ адыгэ щ1ал1эгъуа-л1эм дежк1и І1эмалыфIщ ди щэн-хабзэм и курыхыр, ди къафэмк1э, фащэмк1э, зыыгг1ык1эмк1э, утыку итык1эмк1э адрейхэм дакъыз3-рыщ1ык1ыщ1ык1ыр къэдг1эл1эгъуэ-ну.

Дуней псом щ1ыщ адыгэ миным щ1ин1у зыхэзыгъэп1ъ1а зэхьхьэ гуап1эр І1эмал гъуэзэджэщ ди л1ъэпкъ къафэмрэ фащэмрэ гъэ-л1ъэгъуэнымк1э, І1эдэбагъ1рэ щэны-ф1агъ1к1э щ1апхъэ зэрыгъэхъу щ1а-л1эгъуал1эр нэхъри зэрыгъэбеи-ныимк1э, зы б1эз, зы хабзэ зи1эхэм джэгур зэдагъэдахэурэ адэк1и зэ-хъуэрэнымк1э, зэк1эл1ык1уэнымк-1э. К1ыщ1ынэмыщ1ауэ, адыгэ хаб-зэм и зы І1ыхьэ джэгу-к1ьафэм гъэ-сэныгъэ м1ыкъэнэи и1эщ1 - к1ьафэм щ1а1э з3фI1эк1хэр, хьэл-цэнэхэр утыку щ1ызыгъэл1ьагъуэ щ1ал1эхэр и1ки пщащ1эжи п1ыр1ыгъуэ щ1ы-зэгъ1ьасэщ. К1ыхьэгъ3щ1пхъэщ, хэ-гъэгъэм (нэгъабэ Налшык, иджы Мейкъуап1э) щек1уэк1 мып1хуэдэ джэгухэм хэт хьэщ1эхэр хабзэхэм щ1ык1эл1ыплък1э зэрызэрагъа-пщ1эр, ф1ырэ хабзэнщ1агъэу ха-л1ьагъуэмрэ зэрыщ1з3пашэчым, хабзэм и ф1ып1эу гу зыл1ъатэжм-к1э зэрызэхъуажэр гъ1аззрыхуэщ-хьэпэр.

Пасэрей л1ъэпкъ к1ьафэхэр зи л1ьабжьэ джэгужьым и хабзэр к1ьщ1агъэщ1эрэщ1ж п1ышхьым зэрыг1эгушхуэрэ зэрыг1эгуф1эу хэта щ1ал1эгъуал1эр з3бгрык1ыжащ, з3гъуэсу сурэтхэр зытрагъэха нэужь я зэрыщ1ыныгъэр зэхъ к1ыхь я1щ1у зэрыг1эныбжьэг1ыр папщ1э, я жып телефонхэр зы1э-пахри.

Пшыхь дахэр я1гъэбжьыф1ащ КъБР-м и цыхубэ артист, балет-мейстр Думэныщ І1эуп1эдин, І1эп-щ1эл1ьапщ1э І3зэ Еутых І3сият, Адыгэ Республикэм щ1ыхь зи1э и артист Быштокъуэ Аз3мэт сымэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

І3бубэчыр Нажмудин и уэрам

● Фэеплъ

Жылэм папщ1э псэущ Прохладнэ щ1ынал1эм щы-1э Чапаевым и ц1эр зе-зыхьэу щ1ыта колхозым и тхьэмадэу илъэс 22-к1э лэжьа, лъэужьыф1 кы-щ1ызына. Социалист Лэ-жьыгъэм и Л1ыхъужь І3бубэчыр Нажмудин.

КУЭД къимыгъащ1эу куэд зыхуэзф1эк1а, куэди зи нэгу щ1эк1а ц1ыхут ар. Хуэмыщ1а мэкъумэшыщ1э унагъуэм Нажмудин 1928 гъэм кы-щ1ал1ъуащ. Щ1ал1эр ц1ык1уу и анэр дунейм ехыжащ. Куэд дэмык1ыу абы к1эл1ык1уэ-жащ и адэ Билали. Пасэу зе-иншэу къэна ныбжьыщ1эр Хэку зауэшхуэм и гуащ1э-гъуэу, 1943 гъэм, классибл ф1эк1ам къимыхауэ, хадэхэк1ым елэжь бригадэм и учётчикыу яг3уув. Щ1ал1э щхьэк1э икъук1э гурыхуэт, жьэщ1эт, зы-пэрыт І3натІэми хъарзынэу п3л1эщ1ырти, куэд дэмык1ыу Альтуд МТС-м щ1ылэжьэну яшэ.

Нажмудин ф1ыуи къал1агъурт, лэжьы-гъэми хъарзынэу хэзэгъат, ауэ щ1эныгъэ зэрримы1эр хуабжьу игу къеуэрт. Ар Прох-ладнэ дэт Тэрч мэкъумэш техникымэ щ1о-т1ысхьэ. Еджап1эр диплом п1ыыжьк1э къе-ух, Москва Тимирязевым и ц1эр зэрихьэу щ1ы1э академием яг3эк1ынуи къыжр1а1э, арщхьэк1э, абы ущеджэным т3к1уэдэн мы1ыку зэрымы1эм къыхэк1ыу, Альтуд МТС-м агроному егъэзэж. Зэрылажьэм хуэдэурэ, Владикавказ дэт мэкъумэш институтыр къеух. Щ1эныгъэ нэхъыщхьэ зыгъуэта щ1ал1эгъэр Бахъсэн щ1ынал1эм яг3ак1уэ. Нажмудин мэлажьэ К1ыщ1эк МТС-м и агроному, райисполкомым и мэкъумэш инспекцэм и І3щ1агъэл1 нэ-хъыщхьэу. А зэманым Щ1ождэнщ1ык1ым и ц1эк1э щ1ы1э колхоз пэрытым и тхьэмадэу щ1ыта Бгъэжьнокъуэ Хьэчим къ1ол3ыри, хозяйствэм и агроном нэхъыщхьэу ешэ.

1959 гъэм и бжьыхьэм зэрахъуэк1ын хуей хъуат Къэрэгъэш щ1ызэхэт колхозым и унафэщ1эр. Зауэ з3маным партизан хахуэу щ1ыта, Альтуд МТС-м и унафэщ1э лэжьа, Ленин орденри зыхуагъэфэща Щ1ах1ъуэ Хьэмид и узынщагъэ зэрыхуэмы-хъужьым къыхэк1ыу а къ1улык1ур щхьэщ1а-хыну щ1эл1эл1уати, абы и п1эм ирагъэувэн яг3уэтыртэкъым. Куэдк1э уз3щ1ыгъуэ хъуну къал1ытэри, ф1ыщ1эр къуажэм яшэж, колхоз тхьэмадэуи хах.

Нажмудин къыщ1ыщ1дзар ц1ыхухэм ядэлэжьэныр, мэкъумэш хозяйствэм зе-гъэужьынымк1э щ1эныгъэм и1э ехъуп1эны-гъэхэр нэсу къэгъэсэбэпныр щ1. Езыми зэф1эк1 гуэрхэр и1эт. Ауэ абыхэм ар къы-щ1эзтеувыл3ртэкъым. Арщыдан Лениным и ц1эр зезыхьэ и колхозым, Ставрополь, Краснодар крайхэм, къыф1эбгъэк1ымэ, Мэ-жэрым (Венгриеи) и хозяйствэ пашэхэм, и І3щ1агъэл1хэр и гъусэу к1уэрэ, лэжьыгъэр къыз3рыщ1ыз3рагъэп3щ1ым щ1ыгъуаз3 зи-щ1ыт, республикэм и щ1эныгъэл1хэм, еджагъэшхуэхэм е4энджэщ1ыт. Абы ныбжьэгъуф1у и1эт Щ1ауэщ1ык1у Залымджэрий, К1эрэф Къамболэт, нэгъуэщ1 еджагъэш-хуэхэр.

І3бубэчырым апхуэдэу ф1ыуэ к1ыгуф-ры1уэрт щ1эныгъэр псом я щхьэу щ1ытыи къ1ыз3гъэп3щ1ык1эми, лэжьап1эм и тык1э-ми з3хъуэк1ыныгъэщ1эхэр хилъхьат колхоз тхьэмадэщ1эм. Механизаторхэр гуп-гупу з3гуигъэхьат, абыхэм щ1ыри техникэри яритат. Щ1ыр з3рыз3рахьэм, гъавэу къра-хьэл1эм я лэжьап1эри ельытат. А псоми ехъул1эныгъэхэр кърик1уэу хуежьащ. Колхозым гъавэшхуэ кърихьэл1э хъуащ, мелуаныр ыбжэ хэхъуэ зи1эхэм яхьхьащ.

А псори гулъытэншэу къагъэнакъым. А гъэ дыдэм І3бубэчыр Нажмудин «Социалист Лэжьыгъэм и Л1ыхъужь» ц1э л1ьап1эр къ1ыфIащащ. Зигури зи псэри лэжьыгъэм ета унафэщ1 губзыгъэм Къэрэгъэшыр дэщ1эрэщ1ащ, ц1эрыпуэ ищ1ащ. Къуажэм дащ1ыхьащ Щ3нхабзэмк1э унэ уардэ, щыуэ з3тет школьшхуэ, І3эхутхьэбзэщ1ап1э, са-бий сад зыбжанэ, гаражышхуэ, мехмастер-ской, щхьэп, хьэмэм, шхап1э, щ1ауТ1ыпщащ1 ал3рыбг1у къ1ыщ1ыщ1агъэк1 цех, гъэш за-вод, бабыщ комплекс, І3ус з3хэлъ зы-гъэхьэзыр цех, І3эхущ1ап1э, псэуп1э унэ зыбжанэ, нэгъуэщ1 куэд. Къэрэгъэшэ да-щ1ыхьа ф3еплъым хуэдэ республикэм къ1ыщ1агъэтыгъ1уейщ.

І3бубэчырыр жылагъуэ-политикэ л3-жьыгъэмэ жыджэру х3тт. Ар пл1энейрэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ц1ыху-бэ депутату хахащ, КПСС-м и обкомым куэдрэ хагъэхьащ. Л1ыхъужьым и Дыщэ Вагъуэм нэмыщ1, Нажмудин къ1ратащ Лениным и ордену т1у, Гуащ1эдэк1 Бэракъ П1ыужь орденыр, медаль зыбжанэ, фащ1ащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыхь зи1э и агроном, щ1ыхь зи1э и нар-тыхуг3эк1 щ1э л1ьап1эхэр.

Апхуэдиз зыхуэзф1эк1а л1ым къигъэщ1ар мащ1эщ. Нажмудин 1984 гъэм и ныбжьыр илъэс 56-м иту дунейм ехы-жащ. Ауэ ноби къэрэгъэщ3гъэ куэдым я гум І3фI1у ильщ абы и ф3еплъ нэхур. Нажмудин и щхьэгъуэ Татьяни илъэс зыбжанэ хъуауэ псэужкъым. Ауэ адэ-анэм я щ1ыхьыр яхьумэ я бынхэм - Маринэ, Руслан, Мадинэ сымэ.

І3бубэчыр Нажмудин псэужатэмэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут. Л1ы щ3джащ3р зыхуэпсэуар ц1ыхуэрэщ. Илъэс 20 и пэк1э а л1ы щ3джащ3м и ц1эр ф1ащащ къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм. Ари абы и ф3еплъ хэхуэ.

ИНАЛЫКЪУЭ Хьэлий.
Прохладнэ щ1ынал1э, Къэрэгъэш къуажэ.

Хэт и щ1ып1эр нэхъ дахэ?

Май щ1ынал1ъэм къабзагъэм ехьэл1а лэжьыгъэхэр щ1ызэпыуркъым.

МАЙ къал1эм и л1ъэс зек1уап1эхэмрэ утхэмрэ гъатхэпэм щ1ыхаса жыгыщ1э щ1ык1уэхэм зык1ъаужьащ. Щ1ып1э адміністрацэм и л1эжьак1уэхэм езыхэм я І3к1э уд3 гъэгъахэр щ1ыхагъэзэг3щ1 к1ылык1ущ1ап1эхэм я бжэ1упэхэм.

«Красная Нива» мэкъумэш І3эхущ1ап1эм и л1эжьак1уэхэм щ1эх-щ1эхьыуэ щ1ыхьхьухэр ирагъэк1уэк1. Мы зэманым ахэр хунэсащ мэз л1ьап1эхэр, г3авэ щ1ап1эхэм ек1уап1э І3эгуэхэр зыхуей хуагъэ3эну. Котляревскэ, Октябрьскэ жылагъуэхэм щ1ыпсэухэми я хъуреягыр зэщ1агъэхьабзэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Темыркъан Юрий и илъэс

Къал3н тел1ыджэ

Темыркъанхэ Юрэ, Хьэту и къуэ хахуэм,
И І3эщ1агъэ дахэм дунейр къегъэуш.
А І3эщ1агъэ л1ьап1эм егъэин ц1ыхугъэр,
Егъэгуф1эр гухэр, псэхэр егъэтынш.

Щ1ыхуу дунейм тетыр абы І3эгу къыхуоуэ,
Я1гъэл1ьап1эу псэк1э, І3эдж3 къра1уэк1.
Къигъэщ1ащи ар макъамэ пащтыхьу,
А къал3н тел1ыджэр л1ьагэу кърехьэк1.

Пщ1э ин дыдэ хуащ1у дунейм тет ц1ыху мащ1эм
Хал1ьтами Юрэ, зыкъыф1эмыщ1ыж.
Дэнк1э уип1ъми п1ъагъу, и ф3еплъыр л1ьагэу
Иг3ъувыжами, и щхьэм емыщ1ыж.

Адыгэ л1ъэпкъыжьыр дунейм зэрытетрэ
Абы хуэдэ щ1ал3 дэ къытщ1эмыхъуа,
Ар ди Сосрыкъуэщ, ар ди Бэдынокъуэщ,
Гъуэгугъэл1ьагъуэ вагъуэу нобэ къытхэхъуащ.

Абы хуэдэ щ1ал3 дэ къыщ1ытхэк1ак1э,
Л1ьэпкъым и л1ьабжьэжьым щ1эуэ къуэпс едэж.
Тхыдэм и гъуэгу гугъухэм лей къыщ1тл1ъысами,
Къэсащ ди зэманри, фыз3рыуфыдыж.

ГУБЭЩ1ЫК1 Владимир.

● З3Іущ1эхэр

Я нэІэ трагъэт

Наркоманиемрэ хабзэм къемы-зэгъыу наркотикхэр з3зыгъэ-к1ук1эхэмрэ п3щ1этыным к1э-л1ъэплъ І3эхущ1ап1эу Бахъсэн къал3м щы1эхэм 2018 гъэм и ап3 илъэс ныкъуэм я лэжьыгъэр зэрек1уэ-к1ам теухуа з3І3щ1э ид1жыблагъэ з3эхэщ. Ар иригъэк1уэк1ащ Бахъ-сэн къал3 администрацэм хабз3-хъуэмэ І3натІэхэм яд3лэжьэным-к1э и къудамэм и унафэщ1, нарко-тикым п3щ1этынымк1э къыз3ра-гъэп3щ1а комиссэм и секретарь З3ещ3 Хьэмид.

2018 ГЪЭМ и ап3 илъэс ныкъуэм ирагъэк1уэк1а лэжьыгъэм и, щ1ал3гъуэ-ящ1у з3І3щ1эм к1ыщ1ыпсэп3ащ1 Бахъсэн район сымаджэщым и нар-колог нэхъыщхьэ Бищ1о Хь., къал3 администрацэм спортымрэ щ1ал3-гъуэл3 политикэмк1э и комитетым и тхьэмадэ Х3аскъуэ Аслъэн, щэнхаб-зэмк1э и къудамэм и І3тащхьэ Бэч Альберт, «Галактика» ММЦ-м и унафэщ1 Къущхьэ Заремэ, Бахъсэн къал3м и І1имам Къуэдз Мухьсин, УФ-м и УФСИН-м и Бахъсэн щ1ы-нал1ъэ къудамэм и пашэ К1уэк1э Алим, «Бахъсэн» газетым и редактор нэхъыщхьэ Щ3джэнщ1ык1у Лидэ сымэ.

Зи гугъу ящ1 І3эхум теухуауэ я еп1ык1эр ж3ащ1 Бахъсэн къал3м и офицерхэм я з3гухьэныгъэм и тхьэ-мадэ Двойченкэ Юрий, Ц1ыхубэхэм я к1ал3 советым и гущ1э Хъэшк1ун Людмилэ, Бахъсэн район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Ещ1трэч Муратт, Балигъып1э имыува-хэм я І3эхумк1э, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымк1э комиссэм и І3щ1агъэл1 нэхъыщхьэ Къарэмыщ Галинэ сымэ.

З3І3щ1эм и к1эухым унафэ к1ащ1-тащ наркотикым п3щ1этынымк1э теуихуауэ адэк1и щ1эгъэхуэбжьауэ лэ-жьыгъэ ирагъэк1уэк1ыну, щ1ал3гъуэ-ящ1у з3І3щ1эм к1ыщ1ыпсэп3ащ1 Бахъсэн район сымаджэщым и нар-колог нэхъыщхьэ Бищ1о Хь., къал3 администрацэм спортымрэ щ1ал3-гъуэл3 политикэмк1э и комитетым и тхьэмадэ Х3аскъуэ Аслъэн, щэнхаб-зэмк1э и къудамэм и І3тащхьэ Бэч Альберт, «Галактика» ММЦ-м и унафэщ1 Къущхьэ Заремэ, Бахъсэн къал3м и І1имам Къуэдз Мухьсин, УФ-м и УФСИН-м и Бахъсэн щ1ы-нал1ъэ къудамэм и пашэ К1уэк1э Алим, «Бахъсэн» газетым и редактор нэхъыщхьэ Щ3джэнщ1ык1у Лидэ сымэ.

Зи гугъу ящ1 І3эхум теухуауэ я еп1ык1эр ж3ащ1 Бахъсэн къал3м и офицерхэм я з3гухьэныгъэм и тхьэмадэ Двойченкэ Юрий, Ц1ыхубэхэм я к1ал3 советым и гущ1э Хъэшк1ун Людмилэ, Бахъсэн район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Ещ1трэч Муратт, Балигъып1э имыувахэм я І3эхумк1э, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымк1э комиссэм и І3щ1агъэл1 нэхъыщхьэ Къарэмыщ Галинэ сымэ.

ТХЬЭХУЩ1ЫНЭ Ланэ.

Электрон з3дэл3жьэныгъэм хуок1уэ

● Банк І3эхухэр

Къэрал І3эхущ1ап1эхэм з3ры-дэлажьэ щ1ык1эр Хъумап1э банкым электрон І3мал1эм адэк1и хуегъак1уэ.

ВЕДОМСТВЭХЭМ з3дай электрон з3дэл3жьэныгъэм и І3мал1эхэр (СМЭВ) къигъэсэбэпурэ Хъумап1э банкым идж1ыпту з3пы-щ1ынэныгъэхэр хуи1эщ Федеральнэ налог къулыкъум (ЕГРЮЛ-мрэ ЕГРИП-мрэ къы-хэтхык1ыныр, ц1э-ун3ц1эмрэ зи-щ1ысыр къ3зыгъэл1ьагъуэ доку-ментхэмк1э ИНН-р къ3пщ1ытэ-ныр, нало зытым и счётхэмк1э операцэхэр егъэк1уэк1ыныр къы-з3трагъэувы1ауэ унафэ щ1эл1эмэ з3гъэщ1эныр). Къ3рал статис-тикэмк1э федеральнэ къулы-кым (І3эхущ1ап1эхэм гъэ хъэс я бухгалтер отчётыр), Федераль-нэ антимонопольнэ къулы-кым (хьэпшып1 е ерыскъы-кы3рэмыгъэ х3лъу къезы-гъашэхэм я реестрым юридическэ лицор х3тр3 х3мытр3).

2018 гъэр иухыукъ1э з3пы-к1ынущ ЕГРН-м къыхатхык1а-хэр зы1эрагъ3хьэнымк1э Росре-естрым и сервисхэм банкыр х3з3гъ3ныр ик1и хьэрыч3тыщ1э-хэм мы1ыку я1ухэхэнымк1э Мэкъумэш хозяйствэм и минис-терствэм и программэм тхы-л1ыымп1э к1ымыгъэсэбэпу х3лэ-жьыхьэныгъэм хуэк1уэнымр. «Хъумап1э банкыр жьыдж3ру х3тщ «Бжьыгъэхэр зи л1ьабжьэ экономикэ» къ3рал программ-мэм. Банкым и сервисыщ1эхэр къ1ызг3п3щ1ыным и мурад нэ-хъыщхьэщ1 щ1ыхуэхэм, хьэрыч3-тыщ1эм, къ3ралым я з3ху-щ1ытык1эхэр бжьыгъэ зи л1ьабжьэ І3малхэм хуэг3ъэк1уэнымрэ документхэр тхы1ъымп1э хэмыту з3бл3гъэк1ынымрэ, абы з3ман куэд къ1ыдиг3хуэнчуэ. К1ыхъг3ъэщ1пхъэщ, я щхьэм ехьэл1а хъ1ыбархэр къ3рал органхэм банкым къ1ыз3ратыр клиентхэм я ар3зынигъэ х3л-ъ1ущ», - к1ыхик1ъэщащ «Хъумап1э банк» ПАО-м и Къ3бэрдей-Балъкъэр худамэм и унафэщ1 Урысый Хьэмидбий.

Фигу къ3дг3эк1ыжьынщи, 2017 гъэм жапуэг3ъуэм и 3-м Урысей Федерацэм и Правительствэм з3хъуэк1ыныгъэ хилъхьащ Унафэ №1471-р-м. Абы банкхэм І3мал ярет СМЭВ-р къагъэсэбэ-пу физическэ, юридическэ лицохэм ехьэл1а документ, хъы-бар л1эужьыгъуэ 20 зы1эра-гъэхьэну. Апхуэдэ щ1ык1эк1э УФ-м и Правительствэм дилы-гъащ1 къ3рал органхэм ядэ-лажьэнымк1э электрон І3мал-хэр къагъэсэбэпыным хуэк1уап-хьэу Хъумап1э банкым и жэрдэмхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЩІалэгъуэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар Багъэтыр Луиз.

Дунейтетыкіэм и зы Іыхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ жыджэрхэм къахощ Налшык къалэм щыщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэрагъэпэща «Зеленый дозор» гупым и унафэщІ, КъБР-м и ЩІалэгъуалэ Правительствэм щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ и министр Шыбзыхъуэ Аскэр.

Шыбзыхъуэ Аскэр

- СИ ДУНЕЙ тетыкІэм, си Іэхэу епГъыкІэ къзэгъэлъэгъуэну зэрысфІэфым тесщІыхьырти, Іэщ1агъэу къыхэсхынур журналистикэрауэ къысщыхъурт, ауэ илъэсищ и пэ курыт еджапІэр къыщыдэхым, ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым абы хурагъэджэн къимыщтэу къыщІэкІат. Арати, КъБКъУ-м Химиемрэ биологиемкІэ и институтым сыщІэтІысхьауэ сыщоджэ, - жеІэ Шыбзыхъуэм.

Аскэр еджэн зэрыщІидэзу зыхэт гупым псынщІэу яхэзгъащ. Ар зыщІэс факультетым и профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ ящІащ, студентхэм я советым, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм я корпусым яхьихьа хъуащ. Иужьрейм хэтхэм я гъусэу Аскэр щыІащ Москва къалэм мазэкІэ щекІуэкІа зэхуэсым.

2017 гъэр ЩІыуэпсыр хъумэным и илъэсти, абы къыхилъхьат КъБКъУ-м епхауэ «Зеленый дозор» зи фІэщыгъэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщыну. «Іуэхур щедгъажьэм дызэрыхъуу щытар цІыхуиплІ къудейщ, мы зэманым ди зэгухьэныгъэм щІалэгъуали 150-м щІигу хэтщ, - дыщегъэгъуазэ Шыбзыхъуэм. - Ялэ лъэбакъуэхэр щытчым, икъукІэ къыддэІэпыкъуащ ди еджапІэм ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ и управленэр. Псом хуэмыдэу фІыщІэ худощІ Лу Азэмэт, дэфтэрэхр гъэхьэзырыныкІэ щІэгъэкъуэныщхуэ къытхуэхъуащи».

Шыбзыхъуэм зэрыжиІэмкІэ, зи унафэщІ жылагъуэ зэгухьэныгъэр жыджэру долажьэ КъБР-м ЩІым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ, курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэхэм. Шыбзыхъуэр я пашэу, щІалэгъуалэр иджыблагъэ хэтащ «Зеленый маршрут» урысейпсо Іуэхум.

- ЩІыпІэр щыкъабзэр ар щамыуцІэпІым и дежщ. А гупсысэм ди цІыхухэр къыхуедджэныр кьалэн нэхъыщхьэу зэхудогъэувыж. Абы теухауэ щІэхьщІэхьыр Іуэху идогъэкІуэкІ уи щхьэ къызэрихьэу пхъэнкІий идзыпІэ пщІымэ, зэранытгъэу кІихьыр къыхэщу видеоролик дгъэхьэзыращ. Ар Интернетым и сайтхэмкІэ хэІуцІыІу тщІыным мы зэманым долэжь. «Зеленый дозор» гупым хэтхэр мы гъэм КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм дэІэпыкъуэгъу хуэхъуащ «ЩІым и сыхьэт» зыфІащэ Іуэхур республикэм къыщызэрагъэпэщынымкІэ. Иужьрей илъэситІым щІалэгъуалэр жыджэру хэтщ «Псыхъуэхэм псы Іуфэ къабзэхэр ялэн хуейщ!» урысейпсо щэбэт щІыхьэхум. Къищынэмыщ1ауэ, «Зелёная суббота» фІащауэ КъБКъУ-м къедзылІа щІыпІэхэр щІалэгъуалэм щІэх-щІэхьурэ ягъэкъабзэ.

- 2017 гъэм и гъэмахуэм къыщыщІэдзауэ дадолажьэ Екатеринбург щыщ волонтёрхэм. Нэгъабэ ахэр Руднев Андрей я пашэу республикэм лэжьыгъэ ІуэхукІэ щыІати, «СтІол хъурей» едгъэкІуэкІащ, жыгхэр зэгъусэу ди къалащхьэм щыдгъэтІысащ. Къызэдгъэпэщ конференцэхэм къыдогъэблагъэ Тембот Аслъэнбий и цІэр зезыхьэ, Бгы щІыпІэхэм я экологиемкІэ институтым, «Зелёные» политикэ партым я лІыкІуэхэр, Химиемрэ биологиемкІэ институтым и егъэджакІуэхэр, - дыщегъэгъуазэ Шыбзыхъуэм.

Аскэр къыджиІащ «Зеленый дозор»-р мыпхъу кьеэзымыгъэщІ Іуэхущ1апІэ ящыну зэрыхущІэкъур, республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыну зэрамурадыр. Шыбзыхъуэм зэрыжиІэмкІэ, пхъэнкІийр зэхэдзауэ еджапІэ нэхъыщхьэм Іуашу къыщыдзэрагъэпэщыным теухуа лэжьыгъэ «Мэшыкъуэ» зэхьхьэм зэрыщыпхагъэкІыным хуагъэхьэзыр.

Шыбзыхъуэ Аскэр КъБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэм зэрыщІэкІыр мыхьэнэшхуэ зиІэ пхъэнкІий идзыпІэ пщІымэ, зэранытгъэу кІихьыр къыхэщу видеоролик дгъэхьэзыращ. Ар Интернетым и сайтхэмкІэ хэІуцІыІу тщІыным мы зэманым долэжь. «Зеленый дозор» гупым хэтхэр мурад куэд зиІэ, лэжьыгъэм хуэмыщхьэх защІэщ. Абы нэхъыбэж зэрыпщІэным утегъэгушхуэ. Псалъэм папщІэ, иджыблагъэ дыщыІащ Шэджэм щІынальэм и мэзгъэфІэным (заповедник). ЩІыпІэр гъэкъэбзэн хуейти, а лэжьыгъэм щІалэгъуалэр къыхуедджащ икІи цІыху 30-м нэблагъэм зыкъытщІагъэкъуащ. Псом хуэмыдэу КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэр къыддэІэпыкъуащ, - жеІэ Шыбзыхъуэм. - Апхуэдэ лэжьыгъэхэр сэбэпщ, нэхъыбэрэ едгъэкІуэкІыни хуейт. Уи жагъуэ мэхъу, цІыхухэр зыгъэпсэхуакІуэ щыІа нэужь, кІэрыхубжьэрыхур зэрызэщІамыкъуэжьыр, дунейр зэрауфІейр. Абы унафэ игъуэтын хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыуэпс къулей иІэщи, ар тхъумэныр, едгъэфІэкІуэхэмрэ ди къалэнщ. Курыт еджапІэхэм щІэсхэм къабзагъэм теухуа дерсхэр ядгъэкІуэкІыныкІэ къыщІэддзэнкІэ сфІэтэмэмщ. Сыту жыпІэмэ, щІыуэпсыр хъумэным цІыхур хуеГъэджэн хуейщ щыщІыкІым къыщыщІэдзауэ. Ар дуней тетыкІэм, гъэсэкІэм и зы Іыхьэщ».

БАГЪЭТЫР Луиз.

Жылэтеж Амир гъуазджэм дехьэх

Жылэтеж Амир сурэт щІыным хуемыджами, а Іэщ1агъэм хуэІэзэу къыщІэкІащ икІи и лэжьыгъэхэм мы зэманым щІэупщІэ яІэщ. Ар къэтщІыхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ингушым я цІыхубэ артист Нэхущ Чэрим и унагъуэр иту ищІа сурэтышхуэр Интернетым щІэзэбграгъэха нэужь. Езы сурэтыщІ щІалэм къыззрыджиІамкІэ, абы мазиплІым нэблагъэкІэ елэжьащ.

Жылэтеж Амир

СЫТ ХУЭДэ Іэхуми щІэдзапІэ гуэр иІэщи, Жылэтежыр а лъагъуэм щытехьар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъуэмэш университетым щеджэу (зооинженер факультетым) и япэ гъэлъэгъуэныгъэр абдеж къыщыщІэхуэзрагъэпэщащ.

- Си гуапэ мыхъуу къэнатэкъым гъэлъэгъуэныгъэм цІыху куэд зэреплъар, псом хуэмыдэу сагъэгушхуат си адэшхуэм и къуэш Жылэтеж Сэлэдинрэ а зэманым еджапІэ нэхъыщхьэм и ректору щыта Жырыкъуэ Борисрэ, - жеІэ Амир.

Амир и лэжьыгъэхэр зыІыгъуэхэм, дауи, яГъэщІагъуэрт сурэт щІыным хуемыджам къызэкъуихэ зэфІэкІыр. Апхуэдэу Жылэтежым и япэ лэжьыгъэ 36-р, «Ощущение полёта» фІэщыгъэм щІэту, утыку кьрихьащ. Абы иужькІэ, 2005 гъэм, Студентым и махуэм ирихьэлІэу, ДизайнымкІэ, Щэнхабзэмрэ гъуаздджэхэмкІэ колледжхэм я еджакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэм я гъусэу Амир и сурэтхэр щигъэлъэгъуащ КъБР-м и Музыкэ театрым къыщызэрагъэпэща выставкэм. Зи лэжьыгъэ зыгъэлъэгъуа 30-м ящыщу Жылэтежым ещанэ увыпІэр абы къыщыхуагъэфащащ.

Сурэт щІыным езыр-езыру зыхуигъэсэжащ Амир, ауэ республикэм и сурэтышІ пажэхэм я лэжьыгъэхэми кІэлъоплъ, чэнджэщкІэ защ1ыхуигъаза щыІэщ. Апхуэдэщ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэтхэу КъБРмокъуэ Аслъэнрэ Токъу Альбертрэ. «Къэрмокъуэмрэ Токъумрэ я Іэщ1агъэм кууу зэрыхащІыкІыр нэрылъагъущ. Псалъэм папщІэ, щІыуэпсым и сурэт сщІыну сыдимыхьэхми, Къэрмокъуэм и апхуэдэ лэжьыгъэхэр щыслъагъукІэ сохъуапсэ, езыми ущымытхъункІэ Іэмал имыІэу ахэр къохъулІэ. Зэрысщ1эмкІэ, абы и сурэт гъэлъэгъуэныгъэ Нью-Йорки щекІуэкІауэ щытащ. Ар си дежкІэ щапхъэщ», - жеІэ Жылэтежым.

Амир дагъэкІэ сурэт ищІын зэрыщІидзэрэ илъэс зытІущ хъуауэ аращ, ауэ лэжьыгъэ ин зыбжанэ къеХъулІакІащ. Нэхъыбэрэ цІыхухэм я сурэт етх, унэ блын джабэхэр егъэщІэращІэ. Шэшэным и Іэтапапщ1э, щІыуэпсым и сурэт сщІыну сыдимыхьэхми, Къэрмокъуэм и апхуэдэ лэжьыгъэхэр щыслъагъукІэ сохъуапсэ, езыми ущымытхъункІэ Іэмал имыІэу ахэр къохъулІэ. Зэрысщ1эмкІэ, абы и сурэт гъэлъэгъуэныгъэ Нью-Йорки щекІуэкІауэ щытащ. Ар си дежкІэ щапхъэщ», - жеІэ Жылэтежым.

Сурэтыщ1ыр цІэрыІуэ зыщІыр и Іэдакъэщ1экІыр къызэрехъулІэм и закъуэкъым, атІэ абы и лэжьыгъэр цІыхубэм я гум зэрыдыхьэм куэд ельытащ. Жылэтеж Амир а Іэщ1агъэр гурэ-псэкІэ кІыхьхащи, ехъулІэныгъэ иІэну ди гуапэщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

Апхуэдэщ Хамэр

Болэтей (Терекскэ) курыт еджапІэм щыхабзэ нэхъыщхьэщ абы къыщІигъэкІэрэ сыт и лъэныкъуэкІи гъащІэм хуигъэхьэзырыныр, зыхьхьэм къаззрыгъэжаныкІым зэфІэкІ ябгъэдилъхьэныр. ИкІи сыт щыгъуи гуапэщ уи къару зэпхьэлІа удз цІыкІум къэкІыгъэ дахэ къыщыщІыкІыр. Апхуэдэу дыщогуфІыкІ зи ехъулІэныгъэхэмкІэ зи цІэр зэхэтх зэпыт, Болэтей курыт школыр къззыуха Хамэ Зурьят. И хьэл-щэнкІи еджэнкІи ар гум дыхьэ хъыджэбзщ, спортсмен ахъырзэман къызызэкІыну дызыщыгугъщ.

ИлЪЭС зыбжанэ хъуауэ абы атлетикэ псынщІэм зыхуегъасэ, мызэ-мытІэуи щІыхь тхыпхэр, кубокэр къыхуагъэфащащ. Къэхъуауэ къыщІэкІынкъым Зурьят зэпеуэм хэту зы ехъулІэныгъэ гуэр кьиныхьу къыщыкІуэжа. Езыр гурыхуэщ, пщащэ зэкІужщ.

ЖаІэ хабзэщ цІыхуэм и Іэщ1агъэр къыдалъхуу, абы и лъэныкъуэкІэ зыкъэзыгъэтыжхэр насыпыфІэ хъууэ. Курыт еджапІэм физическэ щэнхабзэмкІэ щезыгъаджэ, УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хьэшыр Анатолэ зэрыжиІэмкІэ, Зурьят зэфІэкІ кьызэрымыкІуэ иІэщ. 2009 гъэм атлетикэ псынщІэмкІэ Адлер къалэм щекІуэкІа урысейпсо зэхьэзэхуэм ар ещанэ щыхъуащ, 2011 гъэм Волгогради ещанэ увыпІэр кърихащ.

- 2017 гъэм Зурьят Олимп резервымкІэ Щёлковэ къалэм (Москва областым) щыІэ къэрал еджапІэр ехъулІэныгъэ иІэу къиухащ. Ар игъэсащ Урысейм щІыхь зиІэ и тренер, спортымкІэ щІыхь зиІэ мастер Гойшик Татьянэ. Нэгъабэ Москва областым атлетикэ псынщІэмкІэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм метри 100, 200 кьэжэныжмкІэ Хамэ Зурьят ялэ увыпІэхэр щыхьІэрыгъэхьащ, абы и ужькІэ Урысейм и пашэныгъэм щыщІэбэнми, нэхъыфІи 10-м яхэхуащ. Иужьрей илъэсхэм ехъулІэныгъэфІхэр къыщегъэлъагъуэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ «Кавказ джэгухэр» фестивалми. Нэгъабэ а зэхьэзэхуэм дэлъеинымрэ кІыхьагъкІэ лъэныкмкІэ ещанэ увыпІэр къыщихьащ. Абы иджыблагъэ лэжьэн щыщІидзащ Щёлковэ къалэм дэт лицей №7-м. Дыщогугъ и ехъулІэныгъэхэм адэжкІи хигъахъуэну, - жеІэ Хьэшыр Анатолэ.

Къуажэдэсхэр икъукІэ ирогушхуэ зэфІэкІ ин зиІэ щІэблэ Болэтей жылэм къызэрыщыдэкІуэтэйм. Псалъэм папщІэ, Зурьят и гъусэу иджыри ди зы щІалэ (Ащхъэутхэ Елдар) Москва областым щоджэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, ди ныбжьыщІэхэм тренер щІэрыІуэхэр къащытхуу къаззрыдэлажьэр.

СЫКЪУН Таисэ,
Болэтей курыт еджапІэм урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ и егъэджакІуэ.

Сыт ДыщэкІ Заринэ зыщІэхъуэпсыр?

Хъыджэбз цІыкІум псом нэхъыщхьэу хэлъын хуей Іэдэбагъыр уздепсалъэм дыболъагъу Ботэщей (Плановскэ) къуажэм къыщалъхуа Дыщэкі Заринэ. Ар Гуэздджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым хореографиемкІэ и къудамэм и етІуанэ курсым щоджэ, иджыблагъэ «Тэрч къалэм и тхьэІуху» зэхьэзэхуэм текІуэныгъэр къыщихьащ.

● Гъуэгу къежьапІэ

ЗЭРЫСАБИЙРЭ гъуаздджэм дихьэхауэ къоГъуэгурыкІуэ Заринэ. Уэрэд жьІэным къищынэмыщІауэ, къэфэнри зыпищІ щымыІэу сыт щыгъуи щытащ. Ебланэ классым щеджэу, Тэрч къалэм дэт Музыкэ школым фортепианэм зыщ1ыхуигъэсэн щІидзащ. «Ди къуажэ клубым лъэпкъ къэфэкІэхэм щыхуагъасэрти, абы сфІэфІу сыхьыхат. Шыдыгъу Хьэщауэ зи унафэщІ «Ботэщей» ансамблым сыкъащтауэ иджыри абы сыхэтщ, - жеІэ хъыджэбзым. - Утыкум ситыну сызэрыщыкІурэ сфІэфІми, дапщэщи согузавэ, ауэ хуэмурэ си зэфІэкІым хьзэгъахьуэ. Школ нэужьым ГъуаздджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым сыщІэтІысхьэну сытрагъэгушхуащ си гъэсакІуэ Хьэщауэрэ Ботэщей къуажэм щыпажьэ Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІ Хьэтхъуэ Людмилэрэ. ИльэситкІэ ГуГъуэтъюк Светланэ и деж оперэм сыщыхуеджащ, арщхьэкІэ иужькІэ къэфэнымкІэ Іэщ1агъэ зэзгъэгъуэтыныр нэхъ сфІэкъабылу абы сыщ1этІысхьэжащ. Цыхубэ, классикэ къафэхэм щыщ нэхъ къызэхьулІэу къысщохьу, ауэ дэтхэнэ хэкупсэми хуэдэу, ди лъэпкъ къэфэкІэхэр нэхъ сфІэфІщ».

Заринэ зэрыжиІэмкІэ, «Тэрч къалэм и тхьэІухуд» зэхьэзэхуэм хьыхьэным мащІэу тешыныхьами, и Іыхьлы, ныбжьыгъуэм щытрагъэгушхуэм, арэзыуэ абы и зэфІэкІ щеплъыжащ икІи хущІегъуэжакъым. «Зэпеуэм сыщ1ыхьыхьэм текІуэныгъэр къэсхьыныкІэ хъуну сигугъэхахкъым. Нэхъыбэу сызэгупсысри а Іуэхум си зэфІэкІым зэрыхигъэхъуэныр арат. Нэхъ гугъунэжыр сытыт жыпІэмэ, «Подиум Нальчик» агентствэм дерс зыбжанэ къызэрыщыддрагъэкІуэкІаращ. Къапщтэмэ, зэхьэзэхуэр икъукІэ дахэу, екІуу къызэрагъэпэщат. Маззэм нэблагъэкІэ дагъэхьэзырати, хъыджэбз цІыкІуэр зыр адрейм дэІэпыкъужу икъукІэ гуапэу екІуэкІа Іуэхущ ар. Си зыужьныгъэм теухуауэ мы Іуэхур сэбэпыкъуэ къысхуэхъуауэ къызолъытэ», - кьыхеГъэщ ди псэльэгъум.

- Заринэ модель агентствэм къыхуигъэфащэ тхылъымкІэ Іэмал иІэщ Модэм ехьэлІауэ къызэрагъэпэщ гъэльэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтыну. Апхуэдэу иджыблагъэ ар щыІащ «Подиум Нальчик» Іуэхущ1апІэм къызэригъэпэща «Flower show» Іуэхум нысащІэ бостейхэмрэ удз гъэГъа Іэрамэ нэхъ дахэхэмрэ я гъэлъагъуэм. Заринэ зэрызиужьыным щІохъэпсэ, и Іуэху зэрехуэ. Щ1ыуэпсым, цІыхухэм, бостей зэмылІэужьыгъуэхэм сурэт ятрищІыкІыну зыфІэфІ пщащэр жыпІэ хъунущ гъуаздджэм къыхуигъэщІауэ.

АЛХЪО Дыжьын.

НыбжьыщІэхэр зэджэ тхылъхэр

Іэщ1агъэлІхэм къызэрапщытамкІэ, иужьрей илъэсхэм щІалэгъуалэм тхылъ еджэным гулъытэ хуащІ хъужащ. АбыкІэ сэбэп хъуауэ кьалъытэ электрон тхылъхэр я Іэпэгъу зыщІ гаджетхэр къызэрыунэхуар.

АтІэ сыт щІалэгъуалэр зэджэр? Нэхъыбэу зи щІэкъраІуэхэм ящыщщ:

1. **Булгаков Михаил и «Мастер и Маргаритэ»** романыр. Ар классикэ зэрыхъурэ куэд щІащ, литературэ жанр зэмылІэужьыгъуэхэм щызэхэуухуэна тхыгъэм щІалэгъуалэр дехьэх фантастикэрэ сатирэрэ абы зэрыхэтымкІэ, лъагъуныгъэ къызэрыхэщымкІэ.

2. **Майер Стефани, «Сумерки. Сага»-р.** Американ щыщ тхакІуэ цІыхубзым и Іэдакъэщ1экІыр нэхъ цІэрыІуэ зыщІауэ къалъытэр Іыхьэ зыбжанэ хъууэ абы фильм къызэрытращІыкІарщ.

3. **Коэльо Пауло, «Алхимик».** Философие гупсысэ куу зыхэлъ тхыгъэхэм ящыщщ. ЛІыхъужь нэхъыщхьэм и хъуэпсапІэр нахуэ зэрищІын Іэмалым лъыхъуэу куэд къызэкІухь, гъащІэмрэ абы и мыхьэнэмрэ егупсыс зэпытщ. ЩІалэгъуалэри араксэ зыгъэпІейтейр?

4. **Вишневский Януш, «Одиночество в сети».** Романым щІалэгъуалэр щыдихьэхыр нобэрей гъащІэр абы къызэригъэлъагъуэращ. Тхылъым гурыІуэгъуэ ещІ щІэблэр тхылъ щІемыджэр. Хъыбарыщ1эхэм я мызакъуэу, нэгъуэщІ щ1ыхухэми ятеухуахэр тыншу къапщІэ хъуащ. Апхуэдэ Іэмалхэр кьигъэсэбэпыф хуэами, интернетым исхэм гулъытэ къыхуащІми, цІыхум псэкІэ къыдэхъун игъэтыркъым, закъуэныгъэр къытехьэлъэу мэхъу.

5. **«Дневник Анны Франк».** Амстердам щыІа концлагерым ихуа журт хъыджэбз щІыкІу Франк Аннэ и дэфтэрым къыщиІуэтэжащ зауэм хилъэгъуа Іэхуигъуэ нэхъ щынагъуэ дыдэхэр, езым и псэкІэ игъэвар. Къэралхэр мамыру къызэрдэгъуэгурыкІуэным и мыхьэнэр зэрыиныр ящыщ мыгъупщэн папщІэ а дневникыр дунейм къытрина пэлъытэщ.

мыхьу къыщыкІуэжа. Езыр гурыхуэщ, пщащэ зэкІужщ.

ЖаІэ хабзэщ цІыхуэм и Іэщ1агъэр къыдалъхуу, абы и лъэныкъуэкІэ зыкъэзыгъэтыжхэр насыпыфІэ хъууэ. Курыт еджапІэм физическэ щэнхабзэмкІэ щезыгъаджэ, УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хьэшыр Анатолэ зэрыжиІэмкІэ, Зурьят зэфІэкІ кьызэрымыкІуэ иІэщ. 2009 гъэм атлетикэ псынщІэмкІэ Адлер къалэм щекІуэкІа урысейпсо зэхьэзэхуэм ар ещанэ щыхъуащ, 2011 гъэм Волгогради ещанэ увыпІэр кърихащ.

- 2017 гъэм Зурьят Олимп резервымкІэ Щёлковэ къалэм (Москва областым) щыІэ къэрал еджапІэр ехъулІэныгъэ иІэу къиухащ. Ар игъэсащ Урысейм щІыхь зиІэ и тренер, спортымкІэ щІыхь зиІэ мастер Гойшик Татьянэ. Нэгъабэ Москва областым атлетикэ псынщІэмкІэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм метри 100, 200 кьэжэныжмкІэ Хамэ Зурьят ялэ увыпІэхэр щыхьІэрыгъэхьащ, абы и ужькІэ Урысейм и пашэныгъэм щыщІэбэнми, нэхъыфІи 10-м яхэхуащ. Иужьрей илъэсхэм ехъулІэныгъэфІхэр къыщегъэлъагъуэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ «Кавказ джэгухэр» фестивалми. Нэгъабэ а зэхьэзэхуэм дэлъеинымрэ кІыхьагъкІэ лъэныкмкІэ ещанэ увыпІэр къыщихьащ. Абы иджыблагъэ лэжьэн щыщІидзащ Щёлковэ къалэм дэт лицей №7-м. Дыщогугъ и ехъулІэныгъэхэм адэжкІи хигъахъуэну, - жеІэ Хьэшыр Анатолэ.

Къуажэдэсхэр икъукІэ ирогушхуэ зэфІэкІ ин зиІэ щІэблэ Болэтей жылэм къызэрыщыдэкІуэтэйм. Псалъэм папщІэ, Зурьят и гъусэу иджыри ди щІалэ (Ащхъэутхэ Елдар) Москва областым щоджэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, ди ныбжьыщІэхэм тренер щІэрыІуэхэр къащытхуу къаззрыдэлажьэр.

СЫКЪУН Таисэ,
Болэтей курыт еджапІэм урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ и егъэджакІуэ.

● Япэ усэ

Си бзэ

Си бзэр си псэм и макъамэщ,
Сигу мызагъэм къолъэтыкІ.
Дыщэм нэхърэ ар нэхъ лъапІэщ,
Си бзэр Дыгъэм къыдоудж.

Гъыбзэ жьыпІэм пхуэзыІэнкъэ
Нагъэсауэ унгу илъ псор?!
Гум илъ гуащІэр кьиІуэтэнкъэ
Си бзэу сызыгъэпсэум?!

Хъуэхъу жьыпІэну ухуеижьамэ,
Ар щэрыуэ къыпхуэхъунщ!
Хъуэхъур си бзэкІэ жьыпІамэ,
Тхьэшхуэм дежи нэхъ нэсынщ.

Уи гухэлъхэр, лъагъуныгъэр
Зыхуэфащэм хуэІуэтэнщ.
Уи гум илъыр жозыгъэІэр
Ди лъым хэт ди щІасэ бзэрщ.

Ди къуршыпсхэм уэ едаІуи,
Си бзэр я бзэу зэхэпхынщ.
Ди мэзыжьхэм уэ епсалъи,
Нартхэм я бзэр къэІужьынщ.

АдыгэбзэкІэ упсалъэу
Уэ упсэумэ, уи насыпщ.
Нып удыпфэри уи пхапІэу
Уэ упсэумэ, уцІыхуфІщ.

АдыгэбзэкІэ ди Тхьэшхуэм
Зыхуэгъазэ махуэ къэс.
Ущымысхьу фІыщІэ гуапэр
Уафэ щхъуантІэм уэ нэгъэс!

ГЪУКІЭКЪУЛ Иринэ.

Экономикэ Политикэ Махуэку Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Тхьэмахуитl къэнэжауэ араш щlэблэм еджэн щlадзэжынми, «Махуэкум» и къыдэкlыгъуэр абы тезухуэнут.

Унагъуэ дерсхэм сабийр хуей?

Курыт еджапlэм щlэсхэми абыхэм я адэ-анэми мазищым загъэпсэхуащ, «кlуэи едж» - «сыхуейкъым, сешащ» псалъэмакъыр я тхьэкlумэм пlалъэкlа икlати.

Мы Іуэхум щымыгъуаз эр хэт? Махуэ псом лэжьа анэр къэсжыу, пщафlэу, быныр игъашхэу абыхэм я дерсхэр зэрызрагъащэм кlэлъыплъу (и нэхъыбэм езым яхуитхыу) пщэдджыжьым и сабийр школым игъэкlуэн хуейщ. Сабиймкlи балигъымкlи тыншкъым ар, уеблэмэ зэныкъуэкъуэнымрэ я зэнышагъуэ халъхьэр нэхъыбэщ, щlэныгъуэ я дерсхэм къыхахым нэхъ рэ.

Сыт хэкlыпlэу щыlэр? Къэрал куэдым щагъэмэщlащ щыхуэхэр зэрылажьэ сыхьэт бжыгъэмрэ маху я бжыгъэмрэ. Къыпщтэмэ, шэджагъуэ нэхъыжьым сыхьэтыр тlуми щымыщlыкl егъэджакlуэхэм, - мы щымыжьыкlэ зэрызрагъэпсэнымрэ, ди щlэныгъэлlэхэмрэ Іэщlагъэлlэхэмрэ иратэкlуэкlа къэхутэныгъэхэм трагъащlуэу жаlэ: щыхуэ сыхьэтийм и пlэкlэ сыхьэтих лажьэ щхьэкlэ экономикэм зэран хуэхъунукъым. Апхуэдэ Іэмал щыхуэм къэзыгъэ лэжьыгъэм къыпэкlуэр нэхъыбэ зыщl Іэмэпсымэ куэд къызэрагупсысарщ, кlуэ пэтми технологием зэрызиуужьынри гурыІуэгъуэщ.

Лэжьэгъуэ махуэмрэ сыхьэтымрэ зэрагъэмащlэм фIыуэ хэслъагъуэр адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ нэхъыбэрэ зэрызэгъуэнум и закъуэхьым, атlэ дерс зрагъащlуэ жаlэу, жэщ щыс ямыщlу, сабийхэм загъэпсэхуауэ школым кlуэну Іэмал зэрагъуэтынрщ.

Тхакlуэ Максимов Андрей «Домашнее страдание» зыфIища и тхыгъэм пыухыкlыпауэ щыжеlэ унагъуэ лэжьыгъэ сабийм зэрыратыр лейуэ. Щапхъэу къехь Израильым щlэныгъэмкlэ и министерствэм и унафэр: сабийхэм дерсхэм зыхуямыгъэхьэзырами фемышхьдэ; унагъуэм щыщlын хуей дерс евмытыхэ е, зэрыхъкlэ, егъэмащlэ.

Зытращыхьыр мы тхыгъэр къызэрыщlэддзараш: сабийм еджэным гущыкl хуебгъащl хъунукъым дерс куэдхэмкlэ. Абы и гъащlэм хэтын хуейщ джэгунри, къэжьхьынри, адэ-анэм я гъусэу музейм, театрым, паркым, нэгъуэщl щыпlэхэм кlуэнри. Ар гъэсэныгъэщ икlи щlэныгъэщ.

Максимовым щапхъэу къехь Іэхъущlапlэм щыхуэмыхуэу унагъуэм лэжьыгъэ къэзыхьа балигъым ар къызэрытехьэлъэр. Атlэ, сабийм илъэс 11-кlэ унагъуэм лэжьыгъэ къехь. Ар иregъэш егъэджакlуэхэри адэ-анэхэри къызэрытешхыхьым, ахэр арэзы щlэхъун «4» е «5» кlихьыным щхьакlэ еджэным нэхъ егугъум гукlэ зригъэщlэнущ, балигъэм еджэн Іуэхукlэ къахэумыгъэшым ари пхуищlэнукъым.

Педагог Іуэзэджэу къальытэ Ушинский Константин жиlэращ: «Унэм щащlыну дерсхэр куэду ирату, хуэзмыгъэщlамкlэ, къыгурымыIуамкlэ жуаплтъыныгъэ зыхьын хуейри сабийр арауэ урысей егъэджакlэхэм зэригъэзнар щыщlэныгъэм я нэхъ ину икlи щыуагъэшхуэу къэплъыитэ хъунущ».

Еджэным диныжьх закъуэтlа-къуэра егъэджакlуэм джакlэ ехъулlэныгъэр, хьэмэрэ, гугъу зезыгъэхьыну хуэмейр щlэныгъэм дригъэхьэхырэ? Ауэ курыт еджапlэм кlуэхыншэу щекlуэкl Іуэунэхуныгъэхэмрэ егъэджакlуэфI Іэнатlэм кьешэлэныкъэ зэрыгугъуэм (улахуэр зэрымащlэм къыхэкlыу) тепщlыхьмэ, зэман гъунэгъуэм зыгуэр efIэкlуэну пхуэмlэнукъым. «Егъэджакlуэр къэрал къулыкъущlэ дыжьащl, щlэныгъэфI зыбгъэдэлъ, сабийм ядэлэжьэф цlыхуэр курыт еджапlэхэм къетшэлlэну дыхуеймэ - жаlэу Къэрал Думэм къыщыхалъхьат, ауэ зэкlэ зыри къыкlэлъыкlуакъым.

ЕГЭ-р ята зэрыхъунум школхэр телажьэу къызэрагъэнам и щыlуэкlэ, иджы оценкэ гъэувыкlэри дыкlыжьыну Іэмал щыlэ хъуащ.

Курсым и лжьыгъэр, диплом лэжьыгъэр дяпэкlэ «антиплогиат» системэм пхагъэкlынущ. Экономикэмкlэ школ нэхъыщlэхъуэм и ректор Кузьминов Ярослав зэрыжиlэмкlэ, «диссертацэхэр антиплагиаткlэ къызэрапщытэхэм хуэдабзэу, диплом лэжьыгъэхэми еплъын хуейщ».

А Іуэхур урысей егъапlэ нэхъыфIхэм, Москва, Томск, Новосибирск, нэгъуэщl къалэхэм щыlэхэм яублагъэхэщ.

Экспертхэм жаlэращ: къэралым еджапlэ нэхъыщхьэу лэжьэну хуит ищlхэм яхуигъэув Іуэхухэм ящыщ зыуэ щытыпхъэщ студентхэр дипломхэм зэрегугъуэ. Дауэ ар зэрыбгъэбелджылынур? Еджапlэ нэхъыфIым къыхэщlыкlа макарон, мащlэу дагъэкlэ е шатэкlэ гъэIэфIауэ, егъэшхын хуейуэ. Аращ балигъэкlами я махуэр къызэрыщlадзапхъэр. Сэбэпынагъэкlэ абыхэм къакlэлъэкlуэ хадэхэкlхэмрэ (грамм 400 махуэм хуэзэу) пхъащхьымыщхьэмрэ (грамм 300). Ахэр гъэмахуэм вгъэщту щымахуэм къэфщтэжьым нэхъыфIщ, теплицэхэм щагъэкlауэ щымахуэм ящэм нэхърэ. Фи сом тевмыгъэкlуадэ хамэ къэралхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэм - цlыхур щыпкъэу щыпlэм къыщыкlращ абы и Іэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэр. Ещанэу Іэнэм къытехьапхъэр лы, бдзэжьей, гъэшхэкlращ. Лыуэ е бдзэжьейуэ махуэм щlыхур зыхуеинур грамми 100-150-рэщ, гъэшхэкlыу - стаканитlым ихуэным хуэдиз.

Курыт еджапlэхэм я шхапlэхэм чипс, псыIэфI, пхъащхьэмыщхьэм къыщlахуа псы, Іэфlыкlэ щlыкlэхэм къыщрамытыну къэрал унафэ щыlэн хуейуэ Іэщlагъэлlэхэм къалъытэ. Абыхэм трагъэчныхьхьэжьыгъэм къыхэщlыкlа ерыскъыпрэ Іэфlыкlэмрэ сабийм куэдыщэу зэрашхьэм пшэр ищlу, я узыншагъэри зэIигъэхъэу.

Быным хьэл-щэн хэлъхьэн зэрыхуейм хуэдабзэу, ахэр узыншагъэмкlэ зэрынэхъыфIым хуэдэу шхэуэ е зэхъэсэныр балигъэхэм я къалэн гъэкlэщ. Мы Іуэхум теухуауэ гъэщlэгъуэн къыщцыхъуащ Белорусым и щlапхъэр. «Для детского питания» маркировкэр зытемыт сабий садхэми курыт еджапlэхэми щlрагъэхьэрхьым. А маркировкэр зытыр Узыншагъэр хъумэнымкlэ министерствэращи, здыхаса щlым и щытыкlэм деж къыщыщlэдзауэ къыхтраха къэкlыгъэм деж щыщlэкlыжу я фIагъыр къахутэ. Министерствэм къалэн ящиущlам пэльащым и ерыскъыхэкlращ сабийхэм щхьэкlэ гъэсапlэхэмрэ еджапlэхэмрэ къащэхур.

Адрейхэр зэрыхъуу хъунщ, мы зэманым щыlэ ерыскъыхэм ар есэн хуейщ,- жызыlэ анэ щlыIэщ, «сабийм чипс иомыгъэшх, псым и пlэкlэ псыIэфI иомыт», жаlэмэ. Апхуэдэ гупсысэкlэр пхуэхъуэжьну къыщlэныкъуэкъым. Абыхэм зыкъыщащlэжьыр сабийм уз гъэтlыылъа зэриIэр дохутырэм къыжраIа нэхъыщ.

Мы Іуэхум джэгу зэрыхэмылъым щыхьэт техъуэ бжыгъэхэм фыщыщгъэгъуэзэнут. РАМН-м Сабийм я узыншагъэмкlэ и щlэныгъэхъэхутакlуэ институтым къыхэзрагъэлъагъуэмкlэ, сабий узынщэм и бжыгъэр процентти 10-12-м фIэкlыркъым. Иужьрей илъэси 10-м нэхъыбащlэхэм я уз гъэтlылъахэр хуэдитlкlэ нэхъыбэ хъуащ. Нэхъ пыухыкlауэ къэбгъэлагъуэмэ, илъэси 7-9 зи ныбжьхэм я зэхуэдитlым, абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэм я процент 60-м уз гъэтlылъа яIащ. Нэхъыбэ хъуащ узыфэ зыбжанэ зиIэ сабийхэр.

Иджыри зэ къытызогъэзэжри, щlыпхэр тэмэму зэрымышхэр, жейкlэ зэрыримыкъур, куэдрэ зэрызэфIэсыр аращ я узыншагъэр нэхъыбэу зыхьыр (жып телефонхэм, компьютерхэм къарищlэм и гугъу тщIыхъэнкъыми).

Сабийхэм къызэражьхьыр, зэрызагъэхъеин хуейм и процент 35-40-м фIэкlыркъым абыхэм ет Іэмалыр. НэхъыжьыIуэхэм я Іуэхур нэхъ Іейжщ - процент 75-85-рэ евбыд. ахэр зэрызэфIэсым. Аращ я къупщхьэм, лыпщIэналъэм (мышцы) зыщlамыжьыр, щlэхъаруншэр, ксынщlэу щlешхэр, къэгубжьыгъуафIэ щlэхъыр.

Дохутырэм жаlэ узыншагъэр кlуэ пэтми зэрекlакlуэр, щlэблэм и процент 90-р зэрымыузынщэр, къэралым и генофондыр зэрекlакlуэр.

Сабийхэр гъэсэным, узыншэу къагъэхъуным теухуауэ куэди ятх, куэди жаlэ. Мы тхыгъэри абыхэм ящlыщ зыщ. Зэуэ зыгуэрым зэрызимыхъуэжьынри гурыIуэгъуэщ, ауэ сабийм дыпэщlэмыузвэнщ, зэрыхъукlэ и Іуэху дэдгъэпсынщlэныр тхуэзфIэкlынущ, нэхъыжьхэм тlэкlу гугъу зедгъэхьмэ. Девгъэупсыс тхуэщlэнум, абыхэм мазимбгу пэжьыгъэ къыпэщlынущ, еджапlэм сыхьэтитку - хьыкlэ щызэфIэсу, апхуэдизкlи унэ дерсхэм бгъэдэсынущ.

ШИРДИЙ Маринэ.

● Абы дегъэпlейтей

Псори щlэтщlэ ди щlэблэм дахуеплъэкlыпэмэ...

дыкlыжьну Іэмал щыlэ хъуащ.

Курсым и лжьыгъэр, диплом лэжьыгъэр дяпэкlэ «антиплогиат» системэм пхагъэкlынущ. Экономикэмкlэ школ нэхъыщlэхъуэм и ректор Кузьминов Ярослав зэрыжиIэмкlэ, «диссертацэхэр антиплагиаткlэ къызэрапщытэхэм хуэдабзэу, диплом лэжьыгъэхэми еплъын хуейщ».

А Іуэхур урысей егъапlэ нэхъыфIхэм, Москва, Томск, Новосибирск, нэгъуэщl къалэхэм щыlэхэм яублагъэхэщ.

Экспертхэм жаlэращ: къэралым еджапlэ нэхъыщхьэу лэжьэну хуит ищlхэм яхуигъэув Іуэхухэм ящыщ зыуэ щытыпхъэщ студентхэр дипломхэм зэрегугъуэ. Дауэ ар зэрыбгъэбелджылынур? Еджапlэ нэхъыфIым къыхэщlыкlа макарон, мащlэу дагъэкlэ е шатэкlэ гъэIэфIауэ, егъэшхын хуейуэ. Аращ балигъэкlами я махуэр къызэрыщlадзапхъэр. Сэбэпынагъэкlэ абыхэм къакlэлъэкlуэ хадэхэкlхэмрэ (грамм 400 махуэм хуэзэу) пхъащхьымыщхьэмрэ (грамм 300). Ахэр гъэмахуэм вгъэщту щымахуэм къэфщтэжьым нэхъыфIщ, теплицэхэм щагъэкlауэ щымахуэм ящэм нэхърэ. Фи сом тевмыгъэкlуадэ хамэ къэралхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэм - цlыхур щыпкъэу щыпlэм къыщыкlращ абы и Іэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэр. Ещанэу Іэнэм къытехьапхъэр лы, бдзэжьей, гъэшхэкlращ. Лыуэ е бдзэжьейуэ махуэм щlыхур зыхуеинур грамми 100-150-рэщ, гъэшхэкlыу - стаканитlым ихуэным хуэдиз.

Курыт еджапlэхэм я шхапlэхэм чипс, псыIэфI, пхъащхьэмыщхьэм къыщlахуа псы, Іэфlыкlэ щlыкlэхэм къыщрамытыну къэрал унафэ щыlэн хуейуэ Іэщlагъэлlэхэм къалъытэ. Абыхэм трагъэчныхьхьэжьыгъэм къыхэщlыкlа ерыскъыпрэ Іэфlыкlэмрэ сабийм куэдыщэу зэрашхьэм пшэр ищlу, я узыншагъэри зэIигъэхъэу.

Быным хьэл-щэн хэлъхьэн зэрыхуейм хуэдабзэу, ахэр узыншагъэмкlэ зэрынэхъыфIым хуэдэу шхэуэ е къэлэн гъэкlэщ. Мы Іуэхум теухуауэ гъэщlэгъуэн къыщцыхъуащ Белорусым и щlапхъэр. «Для детского питания» маркировкэр зытемыт сабий садхэми курыт еджапlэхэми щlрагъэхьэрхьым. А маркировкэр зытыр Узыншагъэр хъумэнымкlэ министерствэращи, здыхаса щlым и щытыкlэм деж къыщыщlэдзауэ къыхтраха къэкlыгъэм деж щыщlэкlыжу я фIагъыр къахутэ. Министерствэм къалэн ящиущlам пэльащым и ерыскъыхэкlращ сабийхэм щхьэкlэ гъэсапlэхэмрэ еджапlэхэмрэ къащэхур.

Адрейхэр зэрыхъуу хъунщ, мы зэманым щыlэ ерыскъыхэм ар есэн хуейщ,- жызыlэ анэ щlыIэщ, «сабийм чипс иомыгъэшх, псым и пlэкlэ псыIэфI иомыт», жаlэмэ. Апхуэдэ гупсысэкlэр пхуэхъуэжьну къыщlэныкъуэкъым. Абыхэм зыкъыщащlэжьыр сабийм уз гъэтlылъа зэриIэр дохутырэм къыжраIа нэхъыщ.

Мы Іуэхум джэгу зэрыхэмылъым щыхьэт техъуэ бжыгъэхэм фыщыщгъэгъуэзэнут. РАМН-м Сабийм я узыншагъэмкlэ и щlэныгъэхъэхутакlуэ институтым къыхэзрагъэлъагъуэмкlэ, сабий узынщэм и бжыгъэр процентти 10-12-м фIэкlыркъым. Иужьрей илъэси 10-м нэхъыбащlэхэм я уз гъэтlылъахэр хуэдитlкlэ нэхъыбэ хъуащ. Нэхъ пыухыкlауэ къэбгъэлагъуэмэ, илъэси 7-9 зи ныбжьхэм я зэхуэдитlым, абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэм я процент 60-м уз гъэтlылъа яIащ. Нэхъыбэ хъуащ узыфэ зыбжанэ зиIэ сабийхэр.

Иджыри зэ къытызогъэзэжри, щlыпхэр тэмэму зэрымышхэр, жейкlэ зэрыримыкъур, куэдрэ зэрызэфIэсыр аращ я узыншагъэр нэхъыбэу зыхьыр (жып телефонхэм, компьютерхэм къарищlэм и гугъу тщIыхъэнкъыми).

Сабийхэм къызэражьхьыр, зэрызагъэхъеин хуейм и процент 35-40-м фIэкlыркъым абыхэм ет Іэмалыр. НэхъыжьыIуэхэм я Іуэхур нэхъ Іейжщ - процент 75-85-рэ евбыд. ахэр зэрызэфIэсым. Аращ я къупщхьэм, лыпщIэналъэм (мышцы) зыщlамыжьыр, щlэхъаруншэр, ксынщlэу щlешхэр, къэгубжьыгъуафIэ щlэхъыр.

Дохутырэм жаlэ узыншагъэр кlуэ пэтми зэрекlакlуэр, щlэблэм и процент 90-р зэрымыузынщэр, къэралым и генофондыр зэрекlакlуэр.

Сабийхэр гъэсэным, узыншэу къагъэхъуным теухуауэ куэди ятх, куэди жаlэ. Мы тхыгъэри абыхэм ящlыщ зыщ. Зэуэ зыгуэрым зэрызимыхъуэжьынри гурыIуэгъуэщ, ауэ сабийм дыпэщlэмыузвэнщ, зэрыхъукlэ и Іуэху дэдгъэпсынщlэныр тхуэзфIэкlынущ, нэхъыжьхэм тlэкlу гугъу зедгъэхьмэ. Девгъэупсыс тхуэщlэнум, абыхэм мазимбгу пэжьыгъэ къыпэщlынущ, еджапlэм сыхьэтитку - хьыкlэ щызэфIэсу, апхуэдизкlи унэ дерсхэм бгъэдэсынущ.

ШИРДИЙ Маринэ.

● Гъуаздж

Адыгэ Іуэрыlуатэр дуней псом щызэлъащlыс

2008 гъэм ирагъэжьа, псынщlэу зызыюбгъуа «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» щlыналъэ зэхуаку сабий-ныбжьыщlэ фестиваль-зэпеуэм хыхьэу, «Артек» сабий-зыгъэпсэхуфIэм иджыблагъэ гъэлъэгъуэныгъэ щlэщыгъуэ щекlуэкlащ.

- КъЭРАЛ 60-м щыщ ныбжьыщlэхэм зыщагъэпсэху «Артек» лагерым тшащ «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» зэпеуэм илъэсипщlым къриубыдэу къыхэжаныкlа сабийхэм я Іэныгъэ нэхъыфIу 50, си Іэдакъэ къыщlэкlа графикэ лэжьыгъэхэм ящыщу 12, Тлэжь Альбинэ и гурэтн 7, жаlэ КъЭР-м и щlыхьэ гурэтыщ, Гъуазджэхэмкlэ Европей Академием и академик **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч**. - Іуэху гуапэм хэтащ Урысейм и щlыналъэ 36-м, хамэ къэралиблым - Эквадорым, Латвием, Испанием, Тыркум, Мысырым, Китайм, Монголием - щыщхэр. Ныбжьыщlэхэр хзгъэгъуэзащ адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, нарт хъыбархэм къыхэщ лыхъужьыхэм я зэфIэкlхэм, тхьилъхэр суртэхэмкlэ зэрагъэдахэм хэлъ щэхухэм. Сабийхэм садэлэжьэну сфIэфI дыдэщ. Ахэр щебгъаджэкlэ езыхэми куэдым ухуразгъасэ. Зи дуней лъагъукlэ зиIэж, зи суртэхэм тельыджкэ куэд хэлпlагъуэ ныбжьыщlэхэм я Іэдакъэ къыщlэкlахэм Іупщlу щыбольагъуэ балигъ куэдым гу зылъамытэхэр.

Хабзэ зэрыхъуауэ, «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» фестиваль-зэпеуэм пашэ щыхъуа ныбжьыщlэхэр ягъэлъапlэ. Проектым и къызэгъэпэщlакlуэ комитетым и унафэщl, УФ-м и Правительствэм щэнхабзэмкlэ и саугъэтым и лауреат **Пlажь Борис** и жэрдэмкlэ, зэхьэзэхуэ нэхъыжьым Іэныгъэ нэхъыфIэр щыізэхуэхьэса альбомхэр, тхьилъхэр гъэ къэси къыдагъэкl. Пlэпкъхэм я унэу Москва дэт къэрал Іэхъущlапlэм къыхилъхьэри, Истамбыл, Анкара, Адана къалэхэм проектым хьихьэ гъэлъэгъуэныгъэ яшащ икlи Тыркум щыщу зэпеуэм къыхэжаныкlа ныбжьыщlэхэр абы щагъэпэжащ, саугъэт лъапlэкэр тыгъэ щыхуащlащ.

Лlэщlыгъуэ мин зыбжанэ зи ныбжь нарт Іуэрыlуатэр нобэм къызэрахьэсар, ар тхыдэм и фэеплъу, лIыхъужьыгъэм и къежьапlэу къызэрыгурыкlуэр, щlэныгъэлl Кузьмин Валентин и Іэдакъэ къыщlэкlа «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэр» курыт школхэм Іэмал имыIэу щаджжи хуей тхылъи 100-м зэрыхагъэхьар гуапэщ. «Нартхэр» тхылъыр щlэрыщlэу къызэрыдамыгъэкlыжрэ илъэс куэд зэрыхъуар къальытэри, проектыр къызэзыдгъэхьахэм я жэрдэмкlэ, Къэрмокъуэ Хьэмид ныбжьыщlэхэм папщlэ игъэхьэзыра «Нарт Сосрыкъуэ» тхылъыр бзищlкlэ - адыгэбзэкlэ, адыгеибзэкlэ, тыркубзэкlэ - дунейм кьытехьащ. Ар тыркубзэкlэ зэзэщзэкlар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтымрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ я лэжьакlуэ Хьуажь Фахьрищ.

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» проектым къызэрыгъэлъэгъуащ, нарт Іуэрыlуатэр кавказым и пlэпхъэм я гъащlэм кьыгухэлlэ имыIэу епхащ, ар зэныбжьэгъугъэм, зэкъуэтныныгъэм, зыужьныныгъэм хуолажьэ, Іуэхум фIы, гуапагъэ, екъулlэныгъэ, мамырыгъэ я кьахудокlуэ. Ди адэжьхэм ди деж къахьэса лъэпкъ къыгъуэфIыгъуэр - нарт эпосыр - хьумэным и хэлъхьэныгъэфIщ ар. Адэжь щlыналъэм пlэщlэу зэриIэм и нэщэнэу абы и хьыбархэм хэт лIыхъужьхэм щlапlыкlэр псэкlэ къулейуэ кьоху, щlэблэм зрегъэуэщl, щlыхуэр зэкъуегъэувэ. Іуэрыlуатэр зэтпэжьмиуэ и Іэпэгъуэ, лъэпкъэм зытухэхъумэжьнущ. Дуней псом щыкъуэа адыгэхэр зыхэс лъэпкъэм яхэзагъэу зэрыпсэр, дымыкlуэдыжу дыкъызэтенэнымкlэ дэIэпыкъуэгъу кьытухэхъуэм ящыщщ дызэрыгушхуэ адыгэ хабзэмрэ нарт эпосымрэ. Зэрытщlэщи, ахэр щэнхабзэ лъагэм кьыхэкlа хъугъуэфIыгъуэщ. Аращ дуней псом тет лъэпкъхэм щыщ ныбжьыщlэхэм я бжыгъэлъащlыс нарт эпосыр щlэщыгъуэ щlэхъуар.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Чемпионыр иудыгъуафIэкъым

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и джэгуГъуэ блэкlам Бахъсэн и «Автозапчасть»-р «Тэрчым» къызэрыщыхигъэщlам зэхьэзэхуэм бзэныбгъэ щыщыгъэщlагъэлъэжьыфыну зыкъомым гугъэ яригъэщlат. Арщхьэкlэ тхьэмахуэ дэкlри, чемпионыр Къэхъун щытекlуащ икlи псори и пlэм иригъэувжа хуэдэщ.

ИУЖЬРЕЙ джэгуГъуихым зэкlэлъхьэужьу щытекlуа «Керт»-р нэхъыжьхэузэгъу лъэщ хуэхъун хуейт зи чэзу чемпионыгъэм ерыщу хущlэкъу «Автозапчасть»-м. Арщхьэкlэ тхьэмахуэ ипэкlэ «Тэрчыр» къызэрефIэкlам игъэгубжьауэ бахъсэндэхэр Къэхъун кlуащ, Іэмал имыIэу текlуэн хуейуэ къалэн зыщащlыжауэ. Хьэщlэхэм я мурадыр кьехъулlащ икlи «Керт»-м и ехъулlэныгъэхэр къызэтрагъэувыlащ. Абы и фIыгъэкlэ чемпионыр аргуэру адрейхэм хэпщlыкlыу ящхьэпрыкlащ, къыкlэлъеIэ «Ислъэмеймрэ» «Тэрчымрэ» я зэIущlэр зэрагъэIэпхъуамрэ «Налшыкыр» «Малка»-м зэрыпэмылъащламрэ къигъэсэбэпри.

Зэхьэзэхуэм къыщыкlэрыху командзэхэм тlэкlу кьахэбэкъуэкlащ Арщыдан щытекlуа Шlэджэм и «Кънудетейр». Абы и пlэ иуащ «ЛогоВАЗ»-р бжыгъэшхуэкlэ зэфIэкlа «Нартыр». Тхьэмахуэ кьакlуэ ахэр Нарткъалэ щыщlэуцlэнущи, хэт дэнэ и деж и увыпlэми езыхэм зохагъэкlыжьыну къыщlэкlынщ.

«Псыкуэдым» и пашэ Бэчбо Мурат бжьыпэр щиIыгъщ гъуащхьауэзэм я зэпеуэм. Ар жьыкъэу зыIэщlигъэкlыр- къым «Малка»-м щыджжэгу Шащlэ Бесльэн. Абыхэм я зэныкъэкъуныгъэр зэхьэзэхуэм и иужь махуэ пщlондэ екlуэкlыну фэ тетщ.

Иджы щыгъуаз фыхуэгъащlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къыкlуэ бжыгъэхэм: **«Керт» (Къэхъун)** - **«Автозапчасть» (Бахъсэн)** - **1:3**, **«Малка» (Малкэ)** - **«Налшык» (Нальшык)** - **1:1**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **4:0**, **«Бедик»** (Арщыдан) - **«Кънудетей»** (Шlэджэм) - **2:3**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«Нартан»** (Нартан) - **2:3**, **«Шэрджэс»** (Шlэджэм) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (Хьэтlохъущыкъуей) - **0:3**, **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **5:3**, «Илъэмей» (Илъэмей) - «Тэрч» (Тэрч) зэIущlэр ягъэIэпхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ щекlуэкl зэхьэзэхуэм и къыкlэлъыкlуэ джэгуГъуэм щызэпэщlэтынущ «Малка» - «ЛогоВАЗ» , «Нальшык» - «Псыкуэд», «Автозапчасть» - «Союз» ,«Илъэмей» - «Керт», «Кънудетей» - «Нарт», «Родник» - «Шэрджэс», «Тэрч» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Нартан» - «Бедик» командзэхэр.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	I.	ФI.	Т.	О.
1. **Автозапчасть»**	18	15	1	2	68-21	46
2. **«Ислъэмей»**	17	12	2	3	47-23	38
3. **«Налшык»**	18	11	3	4	52-27	36
4. «Тэрч»	17	11	2	4	37-23	35
5. «ХьэтIохъущыкъуей»	18	9	3	6	41-37	30
6. «Малка»	18	8	4	6	47-38	28
7. «ЛогоВАЗ»	18	8	1	9	36-49	26
8. «Псыкуэд»	18	8	1	9	58-61	25
9. «Союз»	18	7	4	7	49-52	25
10. «Родник»	18	7	3	8	38-43	24
11. «Керт»	18	7	2	9	36-37	23
12. «Нартан»	18	7	2	9	32-44	23
13. «Кънудетей»	18	5	2	11	38-54	17
14. «Нарт»	**18**	**4**	**4**	**10**	**33-46**	**16**
15. «Бедик»	**18**	**4**	**1**	**13**	**37-60**	**13**
16. «Шэрджэс»	**18**	**2**	**1**	**15**	**16-50**	**7**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭфIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маринэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщlэныджэ Заминэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Къыдэзыгъэкlэжьмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щхьхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъуэмрэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щlыуэпсыр хъумэнымкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; мыютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху ептыкlэр зэтехуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыдытэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокlI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *редактору* **Жылаесэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аллэмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыткъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящlащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.179 ● Заказ №821